РОЙ КРИСТИНЭ

# ТХЬЭНШЭУ ДУНЕЙМ

*РОЙ КРИСТИНЭ*

# *ТХЬЭНШЭУ ДУНЕЙМ*

Дыгъэ къуэкIыпIэм
щыблэ нэху

*Сурэтхэр зыщIар*
*Гаврилов Б.*

Рой Кристинэ
Тхьэншэу дунейм. Хъыбарщ.
Урысыбзэм къикIэу зэрадзэкIащ.
1994 „Дыгъэ къуэкIыпIэм щыблэ нэху“.
Корнтал, Германия.

Аущ Христос къызэралъхуар щагъэлъапӀэ махуэм ипэ къихэу жэщ дыдэм ирихьэлӀэу, Рашово къуажэм щыщ мэкъумэшыщӀэхэр кхъэм щыблэкӀыжым, щтыжауэ щылъ цӀыхубз хьэдэм Ӏуащ. Псэ зыхэмытыж и бгъэм щӀикъузарэ щащыху Ӏувым кӀуэцӀышыхьауэ абы иӀыгът гухэщӀу гъы щӀалэ цӀыкӀур. Ар зылъэгъуа цӀыхубзхэм я нэпсыр къызэпижыхьащ. ЦӀыхухъухэм хьэдэр къащтэри хуахьащ къуажэтетым.

Къуажэтетым и щхьэгъусэм деж къекӀуэкӀауэ гъунэгъу фызхэр щызэхэст. Арати, псори зэуэ Ӏуэхум яужь ихьащ: хэт хьэдэм щыгъынхэр къыщихт, хэт и щхьэр къыщӀиӀыгъэт, хэти уэздыгъэр къищтауэ къахуигъэнэхут. Сабийри адрей фызхэм зыхуей хуагъазэрт.

Ещанэ махуэм цӀыхубз хьэдэр щӀалъхьащ. Зы цӀыхубз цӀэрыӀуэ гуэр щӀалъхьэ фӀэкӀа умыщӀэну, бэным и ужь иту цӀыху куэд кӀуэрт.

Сабийм и Ӏуэхур дауэ хъуа, нтӀэ? Къуажэтетми хьэкумэщӀми къахуэхутакъым цӀыхубз лӀар зыщыщыр, къыздикӀар. Арати, мэкъумэшыщӀэхэм къызэпхыжаӀыкӀыу щӀадзащ:

– Ди къуажэр арыншами къулейсызщ, дэ а щӀалэ цӀыкӀур тхуэпӀыну къыщӀэкӀынкъым.

АрщхьэкӀэ цӀыху нэпсейхэр апхуэдизу щӀэгузэвэн щымыӀэу Ӏуэхур зэфӀэкӀащ: щӀалэ цӀыкӀур къызыхуигъэнащ къуажэтетым и фызым. Пэжу, ар

и бын дыдэм хуэдэу ипIу пхужыIэнутэкъым абы, атIэми кIэлъыплъът, и нэIэ тригъэтт.

Абы Мартин пIэуэ фIащащ, ауэ псори къызэреджэр „Мартин цIыкIут“. „Мартин цIыкIу, Мартин цIыкIу“ жаIэурэ абы къытенэжащ. Мартин цIыкIу пэшхэр къызэхипщыхьт, апхуэдэу зэрыжытIэр Тхьэм къытхуигъэгъу, – хьэпшыр цIыкIум ещхьу. МащIэу къызэрыдэкIуэтейуэ абы унагъуэм хъарзынэу сэбэп щыхъуу щIидзащ. Сыт хуэдэ пэжьыгъэри фIэфIыпсу игъэзащIэрт: пхъэ къэхьын хуей, кхъуэхэм якIэлъыплъын хуей, къазхэр гъэшхэн хуей – жаIэр тIу ищIтэкъым. И псэукIэр Iейуи жыпIэ хъунутэкъым щIалэ цIыкIум: сытым дежи и ныбэ изт, и фэ щызт. Нэхъапэхэм ар щыжейуэ щытащ къыщахьа жэщым къуажэтетым и физым егъэзыпIэ хуищIа хьэку къуагъым деж иIэ плIанэпэм. А пэш дыдэм щIэлъу нэху къекIауэ щытащ анэм и хьэдэри. Илъэситху ирикъуа нэужь, абы псэупIэ хуащIащ Iуэщыр икIи илъэсибл щрихащ.

ЕджапIи ягъакIуэртэкъым ар.

– Мо факъырэм сыти и еджапIэ? Арат иджы дэ дыкъызыхуэтыжыр.

– Арыншэми, едгъэщIэн гъунэжу диIэщ дэ абы, – яжриIэрт къуажэтетым и физым гъунэгъухэм. Мартин цIыкIу илъэс пщыкIутIым щыхыхьэм, ар яшащ дин пашэм деж, Зиусхьэным и пщыхьэщхьэшхэм (причащение) зыхуигъэхьэзырын щхьэкIэ. АрщхьэкIэ дин пашэм ар къиштакъым, сыту жыпIэмэ ар еджэфтэкъым, къыфIэбгъэкIмэ, „Ди Адэ лъапIэ уафэм щыIэ“ жыхуаIэ (ТхьэрылъэIу) псалъэхэр ищIэртэкъым.

А бжьыхьэ дыдэм дунейм ехыжащ къуажэтетым и фызыр. Апхуэдэу щыхъум, къуажэтетым щIалэ цIыкIур игъэуващ Iэхъуэ къуэдзэу.

Кхъахэ хъуа Iэхъуэ лIыжь Индрис и закъуэ лъэкIыжтэкъым Iэщым якIэлъыплъын, Рашово къуажэм и хъупIэри хуабжьу жыжьэт, мэзым пэгъунэгъут. Индрис и лэжьыгъэм зэрыпэмылъэщыжыр нэрылъагъут, ауэ илъэс куэдкIэ Iэхъуэу щылэжьа Рашово дэс мэкъумэшыщIэхэр хуейтэкъым и жьы хъугъуэ дыдэм ар щIакхъуэ Iыхьэншэу къагъэнэну. Арат къуэдзэ къыщIыхуащтари. Къызэрыхуащтами хущIегъуэжахэкъым. Мартин цIыкIу Iэхъуэным къыхуалъхуами ярейт. Дауэ щымытми, ар Iуэщым къыщыхъуащ, Iэщхэм я нэщэнэхэр фIыуэ ещIэ, зэрахущытынум щыгъуазэщ.

Пщэдджыжь къэскIэ жьы дыдэу Мартин цIыкIу и бжьамийр игъаджэрт, зэригъаджэуи, жэмхэм, шкIэхэм, мэлхэри яхэту бухэрэ я макъым зрагъэIэту гъуэуэ щIадзэрт, занщIэуи щIалэ цIыкIур къаувыхьт. Апхуэдэм деж, и тхьэкIумэхэр гъэкIарэ и нэхэр лыду, и кIэ баринэшхуэр дахэу щIиупскIэрэ темыпыIэжу лъэныкъуэкIэ къыщытт езы Индрис ещхьу жьы дыдэс хъуа и хьэжь Бундащ, макъышхуэ ирагъэщIу чынутIымкIэ хьэуар щIахулыкIыу абы иужькIэ хъушэр ежьэным пэплъэу.

Бундашрэ Мартин цIыкIурэ апхуэдизкIэ хъушэм фIыуэ кIэлъыплъырти, илъэс хуэдэ дэкIыу Индрис лIа нэужь, езы Мартин цIыкIу Iэхъуэу ягъэуващ.

Къуажэм къедза кхъэм ибгъумкIэ зы унэжь цIыкIу къыщытт. Физ къимышэурэ жьы хъужа гуэрт ар зейри, лIэмэ, унэр мэкъумэшыщIэ зэдзей гупым

къахуигъэнэну зэгуэр уэсят ищIагъэххэт. Унэжь цIыкIум и щIэлъэныкъуэр зэхэкъутат, къэнар, къихъумэнкIэ щыгугъыу Iуащхьэ джабэм зыкIэрызыкъуза зы пэшрэ пщэфIапIэмрэт.

Индрис лIыжьыр илъэс пщыкIухкIэ щыпсэуат а унэжь цIыкIум. Арати, ар щылIэм, Мартин цIыкIу а унэм щыпсэун щIидзащ. Унэм и щхьэгъубжэ цIыкIунитIэхэм хьэуазэр Iукудауэ илъэс псом екIуэкIт. Абы къыхэкIыуи зы дыгъэ бзий къыщIидзэртэкъым мыбы, ауэ щIымахуэхэм деж щхьэгъубжэхэр зэрыкуда хьэуазэм жьыбгъэ дыджымрэ уаемрэ ущахъумэрт. Индрис зыкIи хуейтэкъым а нэхум! ЩIымахуэм деж ар зэи унэм щIэстэкъым: унащхьэзэдикI жыхуаIэм ещхьу гъунэгъухэр къызэхикIухьт. Ауэ гъэмахуэм, мо ешаелIауэ къекIуэлIэжыр, – зэуэ укIурийрти жейрт.

ПхуэмыIуэтэным хуэдизт япэ дыдэу мыбы къыщыкIуам Мартин цIыкIум и гум щыщIар. Ар егупсыст: „Уа, мыбы сыщыпсэуну ара-тIэ иджы сэ?“

Блыныр къэпIэнкIри къещэщэхат. ДэнкIи плъэ – плъагъуур бэджыхърэ бжьыгъэт. Нэрылъагъут илъэс зыбжанэ хъуауэ мы пэшыр зэрызэлъыIуамыхыжар.

„Къуажэтетым и Iуэщым сыщыпсэуари нэхъыфIт, мыбы нэхърэ“ – егупсыст щIадэ цIыкIур. И жагъуащэ хъуарэ и щхьэр фIиубыдыкIыжри хэгупсысыхьыпауэ ар зыкъомрэ нэщхъейуэ щытащ. ИтIанэ унэжь цIыкIум и бжэщхьэIум тетIысхьэри гухэщIу къэгъащ. Япэ дыдэу абы зэхищIащ и щхьэзакъуэныгъэр. Мис мы унэжь цIыкIум ещхьыркъэпсу Мартин цIыкIуи и щхьэ закъуэи лъакъуитIт!

Абы ирихьэлIэу щIалэ цIыкIум и щхьэщыгумкIэ къыщыIуащ бзу гуэрым и бзэрабзэ макъ. Мартин и щхьэр къиIэту щыплъэм, – бзу абгъуэ къилъэгъуащ. Ар щIыпIэ жыжьэ къилъэтыкIыжа пцIащхъуэхэм я унэ цIыкIур зэлъыIуахыу арат, моуэ гъэмахуэм екIурэ-ещхьу щыпсэууэ, итIанэ хы щхъуантIэм адкIэ щыIэ хэку хуабэхэм аргуэру лъэтэжын щхьэкIэ.

„Сэри си унэр зэлъыIухын хуейщ“, Iущащэ щIыкIэу жиIащ щIалэ цIыкIум.

Арати, – жиIар игъэзэщIащ. Псом япэрауэ, абы къыIуихащ щхьэгъубжэхэр зэрыкуда хьэуазэр. Жыхапхъэжь гуэр зыщIыпIэ къыщигъуэтри щхьэгъубжэхэм есэбэуащ. ЗакъуэтIакъуэ фIэкIа къэмынэу щхьэгъубжэ абджхэр хэкъутыкIат. Абы иужькIэ Мартин цIыкIу блынхэм бэджыхъыу ятелъыр трилъэщIыкIащ. Ахэр щытрилъэщIыкIым апхуэдизкIэ сабэ ин къэхъеяти, щIалэ цIыкIур игъэмэхыным нэсат. Махуэ къэс, хъупIэм къызэрикIыжу, Мартин елIалIэрт и унэ цIыкIур нэхъ зэпэщ зэрищIыным.

ЩIалэ цIыкIум мызэ-мытфэу илъэгъуакIэт ятIэ зэхищIэурэ къуажэтетым и фызым гъуанэхэр зэрыIуицIалэр. Иджы а Iуэхугъуэ дыдэр езым и унэм щигъэзащIэрт. Кхъэ мащIэтI (могильщик) лIыжьым и фызыр блэкIрэ пэт, унэм елэжь Мартин цIыкIу илъагъури, хуабжьу къыщытхъуащ. ЕтIуанэ махуэм губгъуэм къикIыжрэ плъэмэ, – Мартин илъагъур хьэлэмэтыщэщ: пэшыжь цIыкIумрэ пщэфIапIэмрэ я блынхэр яям къыщымынэу, сэхуи тракIэжат, унэ лъэгури пкIарэ пшахъуэ къабзэ иудэжауэ щытт!

А зэман дыдэм ирихьэлIэу кхъэ мащэтIым и фызым и ныбжьэгъухэм яхуиIуэтэжащ псапэ ищIар, мо зыхуиIуэтэжахэми ар хуабжьу ягу ирихьри, езыхэми Мартин цIыкIу и унэ блынхэм я щIыбыр дахэу хуаящ. Ахэм закъыкIэрызымыгъэхуну хэт лIыхэми унащхьэр зэрагъэпэщыжу щIадзащ. Абджхэр щIэуэ къащэхури хагъэуващ. Щемыфам деж, кхъэ мащэтI лIыжьыр пхъэщIэным хуэIэкIуэлъакIуэти, Мартин цIыкIу и стIолымрэ гъуэлъыпIэ зэпкърыхуамрэ зэригъэпэщыжащ, тетIысхьэпIэщIи хуищIащ. Къуажэтетми къыхуихьащ зэкIуэцIыпхэжауэ хьэуазэ IэплIакIуэшхуэ.

– Мис иджы къапши хъунущ, Мартин цIыкIу, – жаIащ зыжьэу лIыхэм.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, цIыхухэр къыдэIэпыкъуурэ, щIалэ цIыкIум и Iуэхур зэтеуващ. Иджы абы иIэт езым ейуэ унэ. Сытуи хуабжьу фIэфIт зэлъыIуихыу а унэм ар щIэтыну! Ауэ Мартин цIыкIу псом нэхърэ нэхъыфIу илъагъут губгъуэр, мэзыр, хуитыныгъэр. Абыхэм щыщыIэм деж, сыту тыншу бауэрэт ар! Мыващхъуэ ин гуэрым дэпщейрти, абы и щыгум къисунэ и хъушэм къахэплъэрт. КIуэаракъэ, дзэпщыр и зауэлIхэм къазэрыхэплъэм хуэдэу.

СэмэгурабгъумкIэ плъэмэ, абы илъагъут псейуэ, бжейуэ, жыгейуэ зэхэт бжьымыкъуэ мэзышхуэр. Акъужь кIапэ тIэкIу къызэрыкъуэууэ, хьэуар зэщIищтэрт псейхэм къапих мэ гуакIуащэм. Бжьыхьэ хъууэ адрей жыгхэм пщIащэр щапыхужым, пцIанэу къыщцынэхэм деж, ахэм яфIэкIуэда пщIащэхэр хуагъейрэ гъыбзэр кърашу псейхэр зэхэтт. Удз гъэгъахэр щызэбгрыпхъа алэрыбгъу фIэкIа

умыщIэну, къурш лъапэм тафэр къыщIэлът. Дыжьын данлъэчым ещхьу, зиIуантIэурэ а алэрыбгъум кIуэцIрыкIт псынэ цIыкIур. ИжърабгъумкIэ лъагъуэр мэзым пхрышат.

Сыту дахащэ хъурэт гъатхэпэ дыдэм ирихьэлIэу зэрыщыту къызэщIэгъагъэ, бжьыхьэм деж мэракIуэ плъыжьхэр пызу къызыпыкIэ чыцэхэр! Мартин цIыкIу хъарзынэу ицIыхурт щхъухь зыхэлъ къэкIыгъэхэр. Ахэр езыгъэцIыхуари Индрис лIыжьырат.

ПхужымыIэжым хуэдизт а зи гугъу тщIа къомым, дыгъэм и дыщэ бзийхэр ятридза нэужь, дахагъэу яхэплъагъуэр! Апхуэдэм деж Мартин цIыкIу мы дунейм тету хъуар щыгъупщэжт. Iэщыр Iэдэбу щыхъуакIуэм деж, чылахъстэн цIыкIухэр къыпиупщIым, зэблидз-зэригъэубыдурэ абы Iэджи къыхищIыкIырт. ЖыпIэнуракъэ, Iэнэщ Iу зэи унэм къигъэзэжтэкъым. ЦIыхубзхэм занщIэу ящэхуурэ зэбграхт абы и IэдакъэщIэкIхэр. Пэжщ, къыщIихышхуи щыIэтэкъым, ауэ, дауэ мыхъуми, Мартин цIыкIу зыгуэрхэр дидзыхыфащ. „ПщIэххэнукъым сэ абы сызэрыхуеижынур, – жиIэрт Мартин, – си щIакхъуэ Iыхьэр арыншами сэ къэзлэжьыжыну си къэлэнщ“.

Чылахъстэным зыгуэрхэр къыхищIыкIрэ и IэдакъэщIэкIым еплъыжу щыщысым деж, ар куэдрэ зэупщIыжт: „Уа, мы слъагъу къомыр игъащIэми щыIауэ пIэрэ? ЩымыIамэ, къэзыгъэщIар хэт? А зи гугъу ящI Тхьэр ара, хьэмэ? Къуажэтетым тхьэ щиIуэкIэ зи цIэ жиIэр е зыгуэр щылIэм деж, цIыхубзхэм мыпхуэдэу жыхуаIэра: „Тхьэм и гущIэгъур инщ, ар Езым щызэришэлIэжакIэ“.

Дэнэ щыIэ а Тхьэр? Дэнэ здэщыIэр Абы зришэлIэж цIыхухэри? Си анэри Абы зэришэлIэжауэ пIэрэ? Абы псори къигъэщIар пэжмэ, ар щытын хуейщ хуабжьу губзыгъэу икIи хьэлэлу. Сыту гъэщIэгъуэныщэу псори зэхэлъ: языныкъуэ къэкIыгъэхэр шхыныгъуэу, адрейхэр хущхъуэгъуэу къагъэсэбэп! Жьауэ зыфIэфIыр жыг щIагъхэм щыхэсагъэххэу щытщ. Дыгъэ фIыуэ зылъагъухэр губгъуэ хуитым къыщокI. Сыту гъэщIэгъуэныщэу мэзым зыкъиужьыжрэ, уэшх къешха нэужь! Ауэ уэлбанэ зэпымыужыр зэрымыфIым къыхэкIкIэ, Абы жьыбгъэр къеутIыпщ, уафэр егъэкъабзэри, аргуэру дыгъэр къыщIегъэщыж. А псор Абы ищIэр пэжмэ, сыту Губзыгъэ икIи щэджащэ а Зиусхьэныр!

Ярэби, лIахэр щыпсэуми мы дызытет дунейм ещхьу псори щыдахпрэ щыфIу пIэрэ? Къуажэтетым и фызыр щылIам, ахъшэ IэщIалъхьауэ щытащ, мыпхуэдэу жаIэри: „Мыр уи гъуэгупщIэщ“. А гъуэгуанэр зыхуэдэр сыт? Мы дэ дыщыпсэу дунеймрэ лIахэр щыпсэумрэ я зэхуакум тенджыз дэтыр пэж, хьэмэ? Пэжмэ, абы зэпырызышхэр хэт? Къуажэтетым и фызыр щылIам тхьэмахуэ псокIэ абы и унэм зы Iуэхуи щащIакъым, лIам и псэр псэхужыным щхьэкIэ. ИтIанэ щIакхъуэ ягъажьэу щIадзащ. ЩIакхъуэ хуабэм и мэр унэм щIэз хъуа нэужькIэщ лIам и псэр щыпсэхужыр. Сыту пIэрэ, ярэби, псэхэм занщIэу псэхугъуэ абы щIыщамыгъуэтыр? ЛIо, Тхьэр здэщыIэр мы дэ дызытет дунейм нэхърэ нэхъыкIэу арат? ЦIыхухэри щхьэ лIэ мыгъуэрэ?“

Апхуэдэ гупсысэхэм хэкIтэкъым щIалэ цIы-

кӀур. Ахэр къыгурызыгъэӀуэфын гуэр ицӀыхуу щытамэ, еупщӀынут, ауэ Ӏуэхушхуэракъэ, – игъуэттэкъым.

Гъатхэм ямыщӀэххэу къуажэтетыр лӀащ. Иужь зэманым ар щӀимычэу ефэ хъуат, абы къыхэкӀыуи и гур иубыдащ. Махуэ дэкӀтэкъым Мартин цӀыкӀу и нэгум ар къыщӀэмыхьэу. Зэпымычу егупсысыт ар: „Иджыпсту къуажэтетыр дэнэ щыӀэу пӀэрэ? Тхьэр илъагъурэ абы? Дауэ пӀэрэ зэрыщытыр а Тхьэр Езыр?“

Зэгуэрым, къыр дзакӀэм тесрэ чылахъстэнхэм матэ цӀыкӀу къыхищӀыкӀыу здэщысым, уафэм зыхуигъазэри, Ӏэхъуэ цӀыкӀум ину жиӀащ:

– Ди Тхьэ, сэ зыри сщӀэркъым Уэ птеухуауэ! Зиусхьэн, Уэ хъарзынэу пхузэфӀэкӀынущ Уэри лӀахэр здэбгъакӀуэ Уи дунейми фтеухуауэ зыгуэрхэр къэзыбгъэщӀэну. ЦӀыху псори абы зэгъусэу щыӀэ, цӀыху бзаджэхэри цӀыху гуапэхэри?

Мартин цӀыкӀу шэч лъэпкъ къытрихьэртэкъым Абы зэреджари жриӀахэри Зиусхьэным деж зэрынэсам. А фӀэщхъуныгъэм и гур дэпсэхуауэ ар матэ щӀыным иужь ихьэжащ. Абы ирихьэлӀэу Мартин и тхьэкӀумэм къиӀуащ гум ежалӀэ Ӏэщ Ӏуей макъ. Къыщылъэтри, ар зэуэ макъыр къыздиӀукӀымкӀэ щӀэпхъуащ. Бундаши абы кӀэлъыжэрт. Зыр зым япэ ищу жэхэурэ, щыхупӀэм нэсри, Мартин цӀыкӀу къилъэгъуащ пыжьей банэм хэнарэ къыхэмыкӀыжыфу хэт мэлыр. Езыр хужьрэ ӀэпапӀэ фӀыцӀэхэр хэсыжу Мартин цӀыкӀу нэхъыфӀ дыдэу илъагъу мэлрат ар. ТхьэмыщкӀэр щыхупӀэм ехуэхри абы хэнауэ арат.

„Е, си тхьэмыщкIэ цIыкIу мыгъуэ! Дауэ иджыр укъызэрыдэсхьеижынур? Мывэхэр псыфщ, цIантхъуэрыгъуэщ“, – жиIэурэ егупсыст Мартин цIыкIу.

Сытми, ерагъкIэ епщыхащ, мэлыр къыздищтэри нэхъ гугъуж ехъури къыдэпщеижащ. АтIэми сытым хуэдиз гуфIэгъуэ иIэт абы, ар къызэрехъулIам щхьэкIэ! Ар кIуэрт, мэлыр и плIэм илъу. Гуапэу телъэщIыхьрэ зэрымысакъым щхьэкIэ тIэкIуи хуэшхыдэурэ абы мэл цIыкIур хъушэм яхихьэжащ. Кърагъэла мэл цIыкIум гуфIэгъуэр иIэрэ дэпкIейдэлъейуэ хъушэм хэлъэдэжри адрейхэм ящIыгъурэ хъуакIуэу ежьэжащ.

Шэджэгъуашхэр къэсу хъушэр псафэ щихуам, ар яхуэзащ Iэгъэбэгухьэ кIуэ фызхэм икIи къехъулIа псори яжриIэжащ.

– Мартин цIыкIу, – жиIащ абыхэм языхэзым, – уэ пщIар Iэхъуэ гуэрым ищIам ещхьыркъэпсщ. ЗэрыжаIэжымкIэ, абы мэлу 100 иIэти, абыхэм ящыщ зы щыкIуэдым, адрей 99-р губгъуэм къринэри, а зыр къилъыхъуэжыну ежьащ.

– НтIэ, къигъуэтыжа?

– Къигъуэтыжащ. Къызэригъуэтыжри, и дамэм трилъхьэри унэм къихьыжащ. Ар апхуэдизкIэ гуфIати, гъунэгъухэр къанэ щымыIэу кърихьджащ, ахэри здигъэгуфIэн щхьэкIэ.

Мартин цIыкIу хуабжьу игу ирихьащ цIыхубзым къиIуэтэжа хъыбарыр.

– Хэт хъуну а Iэхъуэр, щыпсэури дэнэ?

– Мис ар бжесIэфынукъым. Ар Аущ Христос Езым и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIэгъащ.

– А Аущ Христосыр хэт хъуну Езыр?

– Еууей, сыту уделэ цIыкIу мыгъуэ уэ, Мартин! – жаIэри зэщIэдыхьэшхащ адрей цIыхубзхэр.

– Фыщымыдыхьэшх абы, – жиIэри Мартин къыдэщIащ хъыбарыр къыхуэзыIуэтэжа фызыр. – ЩIалэ цIыкIу тхьэмыщкIэр зеиншэщ, ахэр къыгурызыгъэIуэн зыри иIэкъым, еджапIэми кIуэркъым. ПщIэрэ, Мартин цIыкIу, Аущ Христос – Ар Тхьэм и Къуэщ. ФIыкIэ-тIэ, дэ ди гъуэгум хэдгъэщIын хуейщ.

ЦIыхубзхэр, арати, блэкIащ. ЩIалэ цIыкIум ищIэжыххэтэкъым абы цIыхубзхэр къызэрыщыдыхьэшхар. Ар хуабжьу иригуфIэрт, зы мащIэ нэхъ мыхъуми, Тхьэм теухуауэ зыгуэр къызэрищIам. КъищIат, АущкIэ еджэу егъэджакIуэ гуапэ дунейм зэрытетар. Мартин цIыкIу куэдкIэ нэхъ игу ирихьт „Аущ“ цIэр. А Аущ хъужыр Тхьэм и Къуэщ, жи. А Аущыр Езыри, шэч хэмылъу, Iэхъуэу щытагъэнущ. Ярэби, а зи гугъу ящIа мэли 100-р зеяр Армырауэ пIэрэт езыр? Тхьэм губгъуэ щиIэкIэ, мэзи иIэу къыщIэкIынщ. Ауз щыхъукIэ, Тхьэм и Iуэхур фIы дыдэщ!

Унэм къыщигъэзэжкIэ щIэчэ имыIэу ар уафэм дэплъейрт икIи егупсыст: „Хэт ищIэрэ, Тхьэшхуэм и Къуэ Аущи иджыпсту и Iэщыр унэм къихужу къыщIэкIынщ. Зиусхьэныр мэлхэм топсэлъыхь. Мэл егъэхъу. Сыкъимылъагъуу пIэрэ Абы сэ? Абы Iэпыдэлъэпыдз сищIыну сщIамэ, нобэ сылIэми здэнт. НэгъуэщI мыхъуми къэсщIэнт Тхьэм деж псори зэрыщыщытыр“.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Мартин цIыкIу къэушащ, зищIысыр къыхуэмыщIэ гуфIэгъуэшхуэ гуэрым зэщIиIэтауэ. Зэи хуэмыдэжу, фIыуэ зыкъит-

хьэщIщ, и щхьэцыр ижьри, екIуу зыкъихуэпащ. Кхъэ мащэтIым и фызым жэмыр къихуауэ щилъагъум, Мартин зэуэ абы еупщIащ:

– КхъыIэ, къызжеIэт, нанэ: дэ тщIэ псори Тхьэм илъагъурэ?

Фызымрэ и лIымрэ зэщыхьа къудейт, тIэкIуи къытеIэбати, абы къыхэкIыу хуабжьу зэхэуфат.

– НтIэ, тIасэ, Тхьэм псори елъагъу, Iей гуэр пщIэмэ, Iэмал имыIэуи уигъэпшыныжынущ, – жиIэри и пэ щIагъым къыщIэпсэлъыкIащ, фызыр.

– Сэ Iей лъэпкъ злэжьынкъым-тIэ, нанэ, – жиIэщ, абыкIэ къигъэгугъэри, моуэ дэщIигъужащ: – ФIыкIэ!

– Тхьэм укъихъумэ, тIасэ, – жиIащ фызым.

– Нанэ, – зыкъригъэзэкIри аргуэру къеупщIащ Мартин цIыкIу абы, – Езым ещхьу, и Къуэми дыкъилъагъурэ дэ?

– Сыт Къуэ?

– Аущ.

– Зиусхьэн Аущ Христосми? Ахьай дыкъилъагъурэ, дыкъелъагъу, тIасэ. Еуэ-тIэ, кIуэ, – Тхьэм укъихъумэ.

Мартин цIыкIу, арати, губгъуэм ихьащ, здэкIуэм нэсыхукIи абы Аущ, Тхьэм и Къуэр, къыдэщIыгъу къыфIэщIурэ кIуащ. „Ар модэ, ищхьэмкIэ уафэм итщ, сэ мыдкIэ, и щIагъымкIэ, щIыгум сытетщ“, – жиIэурэ егупсыст Мартин цIыкIу.

А махуэм щIалэ цIыкIум дыпичащ япэм ещхьу и Iэщхэм ятехъущIыхьыныр; сыту жыпIэмэ, Аущ Христос ар къыщилъагъукIэ, шэч хэмылъу, жиIэри зэхех.

Апхуэдэурэ зы тхьэмахуэ псо блэкIащ. Мартин цIыкIу и гур гуфIэгъуэрэ нэхугъэкIэ гъэнщIат. Щэбэтым, Iэщыр къыдихуэжу унэм къыздэкIуэжым, абы къызэхихащ тхьэгъушым и пщыхьэщхьэ уэ макъыр. А гуфIэгъуэ макъыр аузым дэз хъуат.

„Тхьэгъушым цIыхухэм хъыбар ярегъащIэ пщэдей зэрытхьэмахуэр, – егупсыст Мартин цIыкIу. – Пщэдей цIыхухэр члисэм кIуэнущ. Сыту пIэрэ, ей, абы щащIэр?“

Мартин цIыкIу игъащIэм щыIатэкъым члисэм.

Къуажэтетым и фызыр щыщIалъхьэм щыгъуэ, факъырэхэм ящIыгъуу члисэ бжыхьым тесащ ар. Пэжу, абы щыгъуэ щIалэ цIыкIум зэхихащ члисэм щыжаIэ уэрэдхэмрэ органым и макъымрэ. Зэхихащ абы дин пашэм и псалъэхэри, ауэ пщIантIэм дэт щIалэ цIыкIум къыгурыIуакъым дин пашэм жиIэхэм къарыкIыр. ЩIымахуэу, къуажэтетым и фызыр псэу щIыкIэ, щIалэ цIыкIур кIуэну мурад ищIауэ щытащ, ауэ модрейм мыпхуэдэу къыжриIэгъащ:

– Дунейм сыт уэ абы щыпщIэнур? Е утхэфкъым, е уеджэфкъым, цIыхум уазэрыхыхьэн щыгъын къабзэлъабзи уиIэкъым. Уэр хуэдэхэр адрейхэм зэран яхуэхъуу аркъудейщ.

Гъэмахуэм зыпэрыт хъушэм къыпэрыкIыну щIалэ цIыкIум Iэмал игъуэтыххэртэкъым. Арати, члисэм кIуэну абы зэи къыхуихуакъым.

„Сыту пIэрэ цIыхухэр члисэм щIэкIуэр? Тхьэм щепсалъэу пIэрэ, хьэмэрэ Абырэ Аущрэ ятеухуа хъыбархэр къыщыхуаIуэтэжу ара? Арауэ къыщIэкIынущ ауэ, Iуэхуракъэ, сэ абы сыкIуэну хуит сащIыркъым“.

А пщыхьэщхьэм Мартин цIыкIу и шхэни къэкIуакъым, зыкъыщихъуэрэ къедэхащIэу къыбгъэдэт Бундаши ар хутегъэуакъым.

Аргуэру Мартин и гур зэщIиубыдащ зэшыгъуэм, адэ-адэ мэзыжьым сыщIэлъэдэжащэрэт е си анэ лIам деж сыкъыщыхутащэрэт, жиIэу хъуащ. Арати, и анэр зэрылъ кхъэм кIуащ. Iэджэри удз гъэгъа къыхуихьащ абы Мартин. И кхъащхьэм тетIысхьэрти, хэгупсысыхьарэ игукIэ мыпхуэдэу жиIэу куэдрэ щыст: „Си анэр дэнэ здэкIуар? Щытыншу пIэрэ ар абы?“

НобэкIэ щIалэ цIыкIум къихьатэкъым удз гъэгъа, ауэ кхъащхьэм тет удзыр нэпс гуащIэкIэ иуфэнщIат.

– Си псэм хуэдэу си анэ, ярэби, сэ сэщхьу екIуэлIапIэншэу узэрыщытам щхьэкIэ, уэри а уэздыщыIэ Тхьэм деж къыщыппаубыду пIэрэ члисэм укIуэныр? Си анэ тхьэмыщкIэ мыгъуэ!

ЩIалэ цIыкIум пэмыжыжьэу кхъэ мащэтI лIыжьыр мащэ къитIу щытт. ЩIалэ цIыкIу гъы макъ щызэхихым, къаплъэщ, Мартин цIыкIу къицIыхужри къыбгъэдыхьащ.

– Мыр слIожь, Мартин цIыкIу, щхьэ угърэ? КъыпщыщIаIа? – еупщIащ ар гузавэу.

ЩIалэ цIыкIум и гуауэр абы хуиIуэтащ, ауэ къыгурыIуакъым. Тхьэмахуэ къэмынэу члисэм кIуэ, Тхьэмрэ Тхьэм и Къуэмрэ ятеухуауэ куэд зэхих пэтми, езыр Тхьэм зэи щIэгупсысатэкъым ар.

– Умыгъ, – жриIащ абы щIалэ цIыкIум. – Пэж дыдэу, къуаншагъэщ уэ щIэнызгъэншэ дыдэу укъызэрагъэнар. АтIэми, а жыпIэр пэжкъым. Уэ къуажэ

псом ураIэхъуэщ, ауэ щыхъукIэ урекIуэлIапIэншэу жыпIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Уэ ухуитыпсщ къуажэм щыщ адрей цIыкIухэм уадэщIыгъуу члисэм укIуэну икIи уэ абы зыми укъыхихужынкъым.

– Ауэ сэ, плъагъуркъэ, щыгъыныфI сиIэкъым!

– Пэжщ, гъэмахуэм Iэщыр къэбгъанэу члисэм укIуэ хъунукъым уэ, ауэ бжьыхьэм – ягъэ лъэпкъ икIынукъым. Къуажэ дэсхэм уэ джанэ хъарзынэ къыпхуащэхунщи, ухуеймэ, зыи тхьэмахуэ къэс члисэм кIуэ.

– Сыт сэ абы щысщIэн хуейр? КхъыIэ, къызжеIэт, сыт фэ члисэм щыфщIэр?

– Дэ абы уэрэд щыжыдоIэ, си псэм хуэдэ. Уэ занщIэу апхуэдэ уэрэд пхужыIэнукъым, сыту жыпIэмэ зэкIэ къеджэкIэ пщIэркъым, ауэ члисэжьантIэм (алтарь) къиту дин пашэм жиIэхэм уедаIуэ хъунущ. Абы жиIэхэр жыпIэжурэ Тхьэм уелъэIу, къиIуатэ фIэщхъуныгъэм теухуа псалъэхэм ущIэдэIу хъунущ.

– Сыт фIэщхъуныгъэм теухуа псалъэхэр зищIысыр?

– Е, тхьэмыщкIэ цIыкIу мыгъуэ, ари умыщIэу ара? Дин пашэм, пщIэркъэ, дэ дыхуегъасэ, дыхурегъаджэ тщIэн хуейхэмрэ зэрытщIыну щIыкIэхэмрэ.

– НтIэ, сэ си гугъар Тхьэм къыфхутепсэлъыхьу арати.

– Аракъэ-тIэ сэ жыхуэсIэр. Ар зэман дызэрытым зэрезэгъынкIэ, дэ къытхутопсэлъыхь Тхьэми Ауэщ Христоси. Ауэщ Христос къызэралъхуар щагъэлъапIэ махуэшхуэм деж и гугъу ещI Зиусхьэн Ауэщ и

къалъхукIэм. Гугъуехь шэч тхьэмахуэм деж къыджеIэж цIыхухэм Ауэ гугъуехьу ирагъэшэчар зыхуэдизыр, Ар журтхэм Iэпхлъэпх зэращIар, укI зэрытралъхьар, жорым зэрыкIэраIулIар, а жорым кIэрылъуи, Ар зэрылIар. IутIыж махуэшхуэм дэ дыщIодэIу лIэуэ махуищ дэкIа нэужь, Ауэ къызэрыхъужам... ЗэкIэ а жысIар куэдщ, си щIалэ цIыкIу, ахъумэ уэ сынопсалъэурэ мацэ къэстIын зэрыхуейр сщыгъупщэж пэтащ.

– Сэ сыбдэIэпыкъунщ, дадэ, ауэ кхъыIэ, къызжеIэж журтхэм Христос жорым зэрыкIэраIулIар.

– Моуэ щIым гъуэлъыт, – сэ уэзгъэлъагъунщ абыхэм ар зэращIар! ЗэрыпхуэукъуэдийкIэ уи Iэхэр укъуэдийт. Иджы къаплъэ-тIэ: мис мыпхуэдэу яукъуэдийщ, и лъакъуитIри IитIри гъущI IунэкIэ жорым траIулIэри, лIэхукIэ апхуэдэу жорым кIэрагъэлъащ Ар.

Мартин цIыкIу къыщцылъэтащ:

– Дауэ?! Апхуэдиз узыр Абы?! Сыт Абы ахэм ярищIар, апхуэдэ гузэвэгъуэм хадзэн хуэдэу? ЛIо, Ар бзаджащIэ гуэрт, зы Iей гуэр ярищIауэ арат?

– Дунейм теткъым абы Iей зрищIа. Зы псалъэ дыдж Абы къыбгъэдэкIыу зэхэзыха щыIэкъым. Гуапагъэ мыхъумэ, нэгъуэщI илэжьакъым. Жыжьэ дыдэ къикIыурэ цIыхухэр къыхуэкIуэрт Абы. Сымаджэ къыздашэхэм Ар еIэзэрт икIи игъэхъужт. Адрейуэ цIыхухэр абы хуригъаджэрт зэрыпсэуну щIыкIэхэм, Тхьэм хуэпэжу зэрыщытынум. Ахэм Ар щIаукIар, пэжыр зэхахыну хуейхэтэкъыми аращ.

– Тобэ, сыту леишхуэу ялэжьа абыхэм ар.

– Пэжщ, леишхуэ дыдэт. Ар цIыхухэм я Iэхъуэу

щытащ. Мис уэ уи хъушэр уздыхуеймкIэ зэрыбунэтIым ещхьу, абыи цIыхухэр Тхьэм и Псалъэм тету гъащIэм хуиунэтIырт... Ауэ а цIыху дыдэхэми яукIыжащ Ар.

Кхъэ мащэтI лIыжьыр щым хъуащ. АдкIэ тепсэлъыхьыфакъым ар Христос и гъащIэм. И гур бампIэшхуэм зэуэ иубыдащ. Хуабжьу къегуэпа, ауэ щыгъупщэжа ныбжьэгъуфI гуэр игу къагъэкIыжауэ къыщыхъуащ. Ар адэ зэгуэрым еджат адэм къыщIэна Библием. ЕджапIэми Библие хъыбархэр щиджакIэт. Абы къищынэмыщIауэ, ар члисэм кIуэрт, Христос теухуауэ дэтхэнэ чристанми ищIэн хуей псори ищIэрт, ауэ Тхьэм зэи щIэгупсысатэкъым. Уафэм дуней пэж зэрыщыIэр абы щыгъупщэжакIэт, ауэ, мис, – Мартин цIыкIу и фIыгъэкIэ ар игу къэкIыжащ.

Мащэр къатIа нэужь, ахэр зэбгъэдэкIыжащ. Мартин цIыкIу а жэщым и нэбдзыпэ хузэтелъхьакъым.

Ар зэпымычу щIэгупсыст Христос, Абы и гуапагъэм:

„Ар – Тхьэм и Къуэщ. Ауэ щыхъукIэ Ар къэзыгъэкIуар Тхьэращ. Абы иригъэджащ Тхьэм теухуауэ зыри зымыщIэхэр. Ар дохутырышхуэ дыдэу щытащ икIи цIыхухэр хуригъэджащ хущхъуэгъуэ зыхэлъ къэкIыгъэхэр къызэрагъэсэбэпынум. Абы ещIэ и Адэм ищIэ псори, Христос и фIыгъэкIэ цIыхухэм Iэзэгъуэ ягъуэт икIи мэхъужхэр. Ауэ сыту укIыкIейуэ яукIат Ар цIыхухэм!“

Мартин цIыкIу жейр къытеуэу щIидзащ.

Абы ирихьэлIэу тхьэгъуш макъ къэIуащ, – къэ-

тэджауэ хъушэр дэхун хуейт. „Иджыпсту псори члисэм кIуэнурэ Тхьэм теухуауэ жаIэхэм щIэдэIунущ. Сэ мыгъуэ сыт – мэзым сыкIуэнурэ зыри зэхэсхынукъым. Сыт сэ къэспсэум и мыхьэнэр? Си закъуэу. Тхьэр сщIымыгъуу!“

Мэкъумэшыщ Iэ цIыхубзхэм гу лъатащ Мартин цIыкIу и нэгу гъырнэIум. Ахэр къыпкърыупщIыхьащ абы, и лажьэр къащIэну хэту, ауэ щIалэ цIыкIум зыри жиIакъым.

А махуэм Мартин цIыкIу и хъушэр мэзым ихуакъым. Брецово кIуэ гъуэгур псы цIыкIум щызэпиупщIым пэгъунэгъуу абы и хъушэр щызэтригъэувыIащ. ЩIакхъуэ Iыхьэ къыздищта къудейр хунэмышхысу, зэпищIыкIри Бундашрэ нэхъыфI дыдэу илъагъу мэл цIыкIу Берушкэрэ яритащ. Абы ирихьэлIэу щIалэ цIыкIум къилъэгъуащ зыгуэр къызэрыхуэкIуэр. ГъуэгурыкIуэр щIалэщIэт, къалэ щыгъынкIи хуэпат. Зы IэмкIэ жьауэр иIыгът, и дамэм IэмпIэ гуэри фIэдзат.

– Уузыншэм, Iэхъуэ цIыкIу!

– Ярэби, мы гъуэгум Рашово къуажэм сишэну пIэрэ? – жиIэри жыжьэфI щыIэу къэкIиящ гъуэгурыкIуэр.

Мартин цIыкIу пыIэр зыщхьэрипхъуэтри жэуап иритыжащ:

– НтIэ. Ауэ псы Iуфэм уIут зэпытурэ кIуэ, ахъумэ гъуэгур адэкIэ тIууэ щызэхокI.

ГъуэгурыкIуэр къыпыгуфIыкIащ. Абы игу ирихьащ зи нэ фIыцIэ пIащэхэр дыгъэм ижьа нэкIу дахэ цIыкIум къыхэплъу къыщыт Iэхъуэ щIалэ цIыкIур.

– Зэшыгъуэкъэ мыбдеж уи закъуэу ущысыныр? – къеупщIащ щIалэр гуапэу.

– А зэшыгъуэр сэ нэхъ щызэхэсщIэр тхьэмахуэхэм дежщ. Зи лъэ вакъэ изылъхьэр члисэм макIуэ, сэ хъушэм сыпэрытыну си къалэнщ.

– Абы щхьэкIэ умыгумэщI. ЦIыху куэдыкIей щыIэщ зы Iуэхуи ямыщIэрэ зы IэнатIи пэрымыту, абы щыгъуэми члисэм мыкIуэу.

– Уэ дэнэ уздэкIуэр?

– Иджыпсту сыздэкIуэр Рашовэщ, абы иужькIэ дуней псор къызэхэскIухьыну сежьэнущ.

– Сыт къыщIызэхэпкIухьынур?

– ПщIэрэ, сэ нэхъыфIу цIыхухэр зэзгъэцIыхуну, я гъащIэм сеплъыну сыхуейщ, иужькIэ нэхъыфIыжу Тхьэм и гъуэгур езгъэщIэн щхьэкIэ. Сэ дин пашэу сыхъунущ. ЦIыхухэм Тхьэм и хабзэр езгъэщIэну сыхуейщ.

– ЗэрыжыпIэмкIэ, уэ нэгъуэщIхэр Христос теухуа хъыбарыфIым ебгъэдэIуэнущ? – гуфIэгъуэр иIэу жиIащ Мартин цIыкIу. – Дауи, Тхьэмрэ Христосрэ ятеухуауэ уэ куэд зэхыбох? ПщIэуи къыщIэкIынущ Абы теухуауэ псори? Сэ зэи зэхэсхакъым Христос теухуа хъыбарыфIыр. КхъыIэ, хъунумэ иджыпсту къызжеIэ Абы теухуа хъыбарыфIыр! Хуабжьу си гуапэ хъунут.

– Хъунщ-тIэ, хъарзынэщ! Ауэ япэ щIыкIэ къызжеIэ: Христос теухуауэ сыт пщIэрэ?

ЩIалэ цIыкIум къиIуэтэжащ цIыхубзымрэ кхъэ мащэтI лIыжьымрэ къыжраIауэ щытар.

ГъуэгурыкIуэм игъэщIагъуэу макъ лъагэкIэ жиIащ:

– Уэ, къызэрыщIэкIымкIэ, у-Тхьэншэщ, у-Христосыншэщ! Дауэ сэ Христос и хъыбар зэрыбжесIэнур, Христос жиIахэри дауэ къызэрыбгурызгъэIуэнур, а Iуэхум зыри хыумыщIыкIыу?

Абы ирихьэлIэу жэм къэбыфэжьымрэ нэгъуэщI зырэ зэбжьэкъуауэу зэпэщIэувати, Мартин цIыкIу ахэр зэбгъэдихужыну щIэпхъуащ. Къыщигъэзэжам, абы къилъэгъуащ гъуэгурыкIуэр дакъэм тетIысхьарэ тхылъ еджэу зэрыщысыр. Христос теухуа псалъэ къыхуеджэным пэплъэу, абы и лъапэм деж щIалэ цIыкIур щетIысэхащ.

– Къеплъыт мыбы, – жиIащ гъуэгурыкIуэм. – Мы тхылъым зэреджэр ди Зиусхьэну Аущ Христос теухуа хъыбарыфIырщ. Мы тхылъым итщ Аущ Христос ищIауэ хъуари Абы цIыхухэм яригъэщIахэри.

– Аущ Христос гугъуехъу ишэчахэри ит мыбы?

– НтIэ. Тхылъым и кIэм итщ абы теухуа тхыгъэ.

– КхъыIэ, къысхуеджэт!

Абы жиIэр гъуэгурыкIуэм езыми игу ирихьащ. А махуэшхуэ пщэдджыжь дахащэм, гурыхьу мамырым къызэджар щIэ гуэррэ гъэщIэгъуэн дыдэу къыщыхъурт щIалэм. Ар къеджэу щIидзащ Гефсимание жыг хадэм Аущ Христос Тхьэ зэрыщелъэIуам, Ар яубыдыну къызэрыкIуам, Иудэ Абы къызэрепцIыжам, Ар зэрашам, псоми утыкум Ар къызэранам, дин пашэшхуэ фэрыщIхэм икIи хьылэшыхэм Ар укIын хуейуэ зэрытрагъэчыныхьам, Ар зэраубэрэжьам икIи зэрагъэпудам. Ар яшащ Пилат деж, Пилат деж ирашри – Ирод деж. Пилат Абы укI трилъхьащ, къуаншагъэ лъэпкъ зэрыбгъэ-

дэмылъыр ищIэ пэтми. Ауан къащIрэ къыщыдыхьэшхыу, зауэлIхэм абы плъыжь-фIыцIафэу абэ кIыхь щатIэгъащ. Пыжь банэм къыхэщIыкIауэ пащтыхь таж хуащIри, абы щхьэратIэгъащ. Абы и нэкIум лъыр къежэхырт, апхуэдиз гугъуехь ирагъэшэчым къыпхуэмыщIыхужыным хуэдизуи и фэр ихъуэжат. А къомыр ирагъэшэча нэужь, Ар яшащ Голгофэ. Къарууншэ зэрыхъуам къыхэкIыу, Абы и жорыр хуэхьыжтэкъым. Апхуэдэу щыгъум, жорыр Кириней къуажэм щыщ СимонкIэ зэджэ гуэрым и плIэм иралъхьащ. ИкIэм-икIэжым, Христос жорым кIэраIулIащ. Абы и хьэзабым къыпищэрт. Аущ и уIэгъэ лъы къызэрыжхэр дыгъэ гуащIэм ижьэрт. ПсыхуэлIэ лIэрт, ауэ, псым и пIэкIэ, къратыр серчэт. Апхуэдэу сыхьэтищкIэ жорым кIэрылъащ Ар, гугъуехь езыгъэшэчхэм къахуигъэгъуну Тхьэм яхуелъэIуу. Псэ хэмытыж жыхуаIэм хуэдэу Ар зыкIэраIулIа жорым къыбгъэдэтт Абы и анэр. Ари зэрытригъэун псалъэ къыхуэгъуэтт Абы. Гуэныхьу ищIахэм яхущIегъуэжа хъунщIакIуэм „Нобэ джэнэтым ущызигъусэнущ,“ жиIащ. ИтIанэ, мо хьэзаб телъыр фэм дэмыхуэжыххэ хъуарэ пэт, къеувэкIа цIыхухэм ягъэпудын щыщамыгъэтым, Ар къахэкIиящ: „Уэ, си Тхьэ, уэ, си Тхьэ, щхьэ утыкум си закъуэу сыкъибна?“ Ар жиIэщ, и щхьэр къыфIэщIэри, зэуэ и псэр итащ.

АдэкIи гъуэгурыкIуэр къеджащ Аримафей щыщ Исуфрэ Никодимрэ Аущ и хьэдэр щIалъхьэу кхъэлэгъунэм мывэшхуэ зэрыIуагъэукIуриежам. Аущ и хьэдэр и гъуэгу ирикIуэхэм ямыдыгъужын щхьэкIэ, и кхъэлэгъунэм деж хъумакIуэ ягъэуващ.

Абдежым гъуэгурыкIуэм еджэн зэпигъэуащ, сыту жыпIэмэ Мартин цIыкIу щIым зыхиIубэри зэщыджэу гъуэгыу щIидзащ. ЩIалэ цIыкIум гукIи псэкIи зэхищIат икIи къыгурыIуат Тхьэм и Къуэм гугъуехь щIишэча цIыхухэм ари зэращыщыр. ЩIалэ цIыкIум еплъурэ езы гъуэгурыкIуэми и гъын къэкIуат.

Ар куэдрэ къеджат КъегъэлакIуэм ишэча гугъуехьхэм теухуа тхыгъэхэм, ари зэи игу къэкIатэкъым езым телъ гуэныхьхэм яхущIегъуэжыну. Дауэ щымытми, Христос гугъуехь куэд зэришэчамкIэ абыи къуаншагъэ гуэр бгъэдэлъщ. Тэлай дэкIа нэужь, щIалэ цIыкIур игъэудэIужын мурадкIэ абы щIидзэжащ къеджэн...

ЩызэбгъэдэкIыжым, дин пашэ хъун хуей щIалэм Мартин цIыкIу моуэ къыжриIащ:

– ЕджэкIэ пщIэуэ щытамэ, мы ХъыбарыфIыр тыгъэ пхуэсщIынт.

А псалъэхэр Мартин цIыкIу и гум хыхьащ. Ар куэд щIауэ щIэхъуэпст еджэкIэ зригъэщIэну. Арати, лъэгуажьэмыщхьэу увщ, и Iэхэр уафэм хуиший-ри, лъаIуэу щIидзащ:

– Ди Зиусхьэн! Уэ уощIэ сэ хуабжьу сызэрыщIэ-ныгъэншэр! Сэ еджэкIэ сагъэщIакъым, иныIуэ сыхъуащи, еджапIэми сыкъащтэнукъым. СынолъэIу Уэ, ди Зиусхьэн, еджэкIэ сэзыгъэщIэн къысхуэбгъуэтыну. Сэ хуабжьу сыщIохъуэпс Уэ птеухуауэ псори къэсщIэну!

Мартин цIыкIу шэч лъэпкъ къытрихьэжтэкъым абы и лъэIур Тхьэм зэрызэхихам пIалъэ къыхэмыкIыуи къызэрыхуищIэнум. Пэжщ, щIалэ цIыкIум

ищIэртэкъым и лъэIур щызэщIэнур. Ауэ и фIэщ хъурт, а фIэщхъуныгъэми абы и гур дэпсэхурт. „Сэри зэгуэр сыкъеджэнщ Зиусхьэн Аущ Христос и ХъыбарыфIым. Зэгуэр сыкъеджэнщ!“

Махуэкум, пщыхьэщхьэ хъууэ унэм къигъэзэжа нэужь, Мартин цIыкIу хъумакIуэм и фызым джэдджьей зрысын матэ хуихьащ. ЗдэкIуам нэгъуэщI цIыхубз гуэрхэри щIэст, фызабэ Брецовэм и лIэкIэм тепсэлъыхьу. Псоми яфIэгуэныхьт абы къыщIэна и къуэ цIыкIу Яшко, къазыхъуэу языхэзым къищтэнуи зэгурыIуащ. Армыхъумэ факъырэу хыхьэну арат абы къыхуэнэжыр.

Мартин цIыкIуи Яшко фIэгуэныхь хъуащ. Абыи къыпэплъэр езы Мартин натIэ хуэхъуа дыдэрт: е факъырэIус къилъыхъуэу хыхьэн, е къазыхъуэу ежьэжу еджапIэм къыщищIауэ хъуар щыгъупщэжын! „Ари сэ сэщхьыркъэпсу щIэныгъэншэу къэнэнущ,“ – нэщхъей къэхъуауэ егупсысащ Мартин цIыкIу.

Яшко щIэгупсысыным пыIэгъуэ къриттэкъым абы. Арати, махуэ гуэрым къабзэу зыкъихуапэри ар кIуащ къуажэтетым деж. ЗдэкIуам и фызыр пщIантIэм дэтти, Мартин цIыкIу къызэрилъагъуу къегуэуащ:

– Мыр лIо, мыпхуэдизу щхьэ зыкъипхрэ, Мартин цIыкIу? ЛIо, физ къызошэ, жыпIэу хъыбар къыдэбгъэщIэну укъэмыкIуауэ пIэрэ?

– Хьэуэ, нанэ, сэ Iуэху гуэркIэ къуажэтетым сыхуейуэ арат. ЩIэс ар?

– Сыт Iуэху уэ абы хууиIэнур: Юрэ, – жиIэри пщэфIапIэм щIэс и лIыр абы къриджащ. – Мыдэ къакIуэ! Мартин цIыкIу къыпхуейуэ къэкIуащ.

Къуажэтетым Мартин цIыкIу унэм иригъэблэгъащ.

– Уузыншэм, Мартин, тIыс. НтIэ, сыт къыджепIэн фIыуэ?

– Мы Яшко и Iуэхур зэрыпщIынур зэзгъэщIэну арат сэ сыкъыщIэкIуар.

– Плъагъукъэ ар зэгупсысхэр! – игъэщIэгъуащ къуажэтетым.

– Уэ пIпIыжыну уэттыну ди гугъэщ ар, – дыхьэшхыурэ жэуап къритащ абы щIалэ цIыкIум. – Апхуэдэ щIыкIэкIэ уэри зытебгъэкIыжынщ узыпI къуажэм и щIыхуэр.

Мартин цIыкIу цIыплъ къэхъуащ.

– КъэпщIащ, дадэ, аращ сэри сыкъыщIэкIуар. СынывэлъэIунут Яшко сэ къызэфтыну. Тхьэр фызогъэлъэIу, факъыракIуэ хэвмыгъэхьэжу е къазыхъуэу евмыгъажьэу сэ си пщэ къыдэфлъхьэ абы и пIыныр!

Къуажэтетым и фызым ар щызэхихым, зэуэ къэлыбащ:

– Еплъыт а щIалэ делэжь цIыкIум жиIэм! Iэхъуэгъу къиищтэу, цIыхуитIыр дигъэпIыну аращ зыхэтыр!

– Апхуэдэ лъэпкъ сэ сигу къэкIакъым, сэ си гугъэр нэгъущIщ, – жиIэрт Мартин цIыкIу. – Сэ матэрэ жыхапхъэрэ сщIыуэрэ ахъшэ тIэкIу зэхуэсхьэсащ, иджыри зэхуэсхьэсыфыну си гугъэщ. Адрейуэ, сэ сыщогугъ Тхьэр къыддэIэпыкъуну, шхын щхьэкIэ димыгъэлIэну.

Къуажэтетымрэ и фызымрэ ялъэкI къагъэнакъым Мартин цIыкIу щIрагъэгъуэжыну хэтурэ.

ЖраIащ абы гугъуехь куэд къазэрылъыкъуэкIынур, гъаблэм ихьынхэкIэ зэрыхъунур, ауэ зыри къикIакъым. Мартин жиIэм яхутемыкIыу къеплъэIут. ЩIалэ цIыкIум и ерыщагъэм къигъэгубжьщ, кIуэжи жей, жиIэри икIэм-икIэжым къуажэтетым Мартин цIыкIу къыщIихужащ.

Мартин цIыкIу Яшко зришэлIэну зэрыхэтыр къуажэм зэуэ дэз хъуащ. ЦIыхубзхэр къэгубжьауэ щIалэ цIыкIум хуэшхыдащ икIи зэгурыIуахэщ, а делагъэр и щхьэм ирахун щхьэкIэ, абы ират щIакхъуэр нэхъ мащIэ ящIыну. КъызыфIэщIыжаи!

АрщхьэкIэ ари сэбэп хъуакъым. Мартин цIыкIу махуэ къэс къуажэтетым деж кIуэрт, кIуэхукIи ардыдэм щхьэкIэ елъэIурт. Апхуэдэурэ, сытми, зыхуейм и Iэр тригъэхуащ: абы къратащ Яшко.

Сыту насыпыфIэу зыкъилъытэжырт а махуэм Мартин цIыкIу! ИгъащIэм апхуэдэу насыпыфIэу щытауэ абы къыхуэщIэжтэкъым. Кхъэ мащэтI лIыжьым и фызым Iэрыгъажэ къыIихри, абыкIэ Яшко къишэну кIуащ. Анэм и щIэину щIалэ цIыкIум къыхуэнар мащIэ дыдэт: тепIэнщIэлъын, щIагъщIэлъ сыт хуэдэхэр дэзу зы пхъуантэ, пIэипхъуэ ин, тетIысхьэпIэ, Iэнэ, хьэуазэ ухуэнам къыхэщIыкIа шэнт. Ахэр ящэри, къыщIэкIар хьэдэщIэлъхьэм хагъэкIуэдат къуажэ дэсхэм. Пэжу, гульденипщI къудей хьэдэщIэлъхьэм къелат, ауэ къуажэ дэсхэм я унафэкIэ ар щIалэ цIыкIум хуагъэтIылъащ: хэт ищIэрэ ин хъурэ еджэн хуей хъумэ.

ЦIыхубзхэр щызэхуэсащ пIалъэкIэ Яшко зэзышэлIам, я унэм деж. Iэрыгъажэр зыIыгъ Мартин

цIыкIу щалъагъум, ахэм ящыщ гуэрхэр къэдыхьэшхащ:

– Е, тхьэмыщкIэ цIыкIу! Я гъащIэри зэхуэдэщ а тIум! Сыт ящIэн, тхьэмыщкIагъэм ныбжьэгъу зэхуищIауэ псэунхэщ.

ЦIыхубзхэр Мартин къыбгъэдыхьэри, щIалэ цIыкIум и щыгъынхэмрэ тепIэнтебзэхэмрэ зэрылъ пхъуантэ цIыкIур и Iэрыгъажэм кърагъэуващ. Щаыху цIыкIумрэ щхьэнтитIымрэ тIэкIу зэкIуэцIапхэри ахэри къыбгъуралъхьэжащ. ИтIани кърalъхьащ хьэпшып зэмылIэужьыгъуэ гуэрхэр, Аннэ лIа нэужь, къэна ерыскъыпхъэхэр: пхъы, бжьын, кIэтIоф.

Арати, гуфэр яубыдри щIалэ цIыкIуитIыр къуажэ уэрамым техьащ.

– КъызжиIакъым жумыIэж, Яшко, уи адэ щIэрыпсым фIыуэ едаIуэ, – дыхьэшхыурэ къакIэлъыкIиящ абыхэм хъыджэбзхэр.

Гъуэгум тетыху, щIалэ цIыкIухэм зы псалъи жаIакъым. Унэм нэсыжа нэужьщ ахэр щызэхуеплъэкIар. Яшко къэгъуэгащ, Мартин цIыкIуи къыщиудащ зэуэ.

– Умыгъ, Яшко, – игъэудэIужт ар абы, езым и нэпсыр щIилъэщIыкIыурэ. – Зы щхьэкIи умышынэ, псори хъарзынэ хъунущ. Ауэ фIыуэ дызэхущымыту, фIыуэ дызэрымылъагъуу хъунукъым.

Яшко гъын щигъэтащ. ЩIалэ цIыкIухэм Iэрыгъажэм хьэпшыпхэр кърахыурэ унэм щIахьащ. ЩIахьэри, кхъэ мащэтI лIыжьым и фызым гур хуашэжащ. И фызым иримыгъэлъагъуурэ, кхъэ мащэтI лIыжьым щIаkхъуэ Iыхьэфl щIалэ цIыкIуитIым

къахупиупщIащ. Фызми, и лIым щигъэпщкIуурэ, ахэм къаритащ ерыскъы гуэрхэр зыкIуэцIылъыр.

Къагъэзэжа нэужь, щIалэ цIыкIуитIыр тIэпIыжу шхащ. Пшапэ зэхэуэу щыщIидзэм, Мартин пIэр ищIыжу хуежьащ. Яшко пхъуантэ цIыкIур къызэтрихащ. Фызхэм абы далъхьат анэм къыщIэна пIэипхъуэмрэ стIолтепхъуэмрэ. ЩIалэ цIыкIухэм ахэр пIэми ирапхъуащ, стIолми трапхъуащ.

– Мыбдежым тхылъхэр тетлхьэнщ, – жиIащ Яшко, стIолым Iэпэ хуишийри.

– Хьэуэ, тхылъхэр мо плIанэпэм дэдгъэувэмэ, нэхъыфIщ. Ауэ, Iуэхушхуэракъэ, сэ тхылъ сиIэкъым. Сытуи сщIын, сыкъыщемыджэфкIэ, – нэщхъейуэ жиIащ Мартин цIыкIу. – Аракъэ уэ си деж укъыщIэсшар езыр, – къыпищащ абы, – лIыщIэу уемыжьэжын щхьэкIэ. Сэ фIы дыдэу сощIэ итIанэ уэ еджапIэм къыщыпщIауэ хъуар зэрыпщыгъупщэжынур. Сэ сыхуейщ, Яшко, уэ уи еджэным къыпыпщэну. ИтIанэ уэ езыр уи щхьэм укъыхуеджэжыфынущ Тхьэм, Тхьэм и Къуэм дэр щхьэкIэ зэрызигъэлIам, Абы ди щIым къызэригъэзэжынухэм теухуа хъыбархэм.

– Сэ сыкъоджэф, – зыщытхъужащ Яшко. ИкIи абы хуабжьу игъэщIэгъуащ Мартин хуэдэ щIалэшхуэм еджэкIэ зэримыщIэр. Си анэр сымаджэу щыхэлъам щыгъуэ сэ ардыдэм, Христос къызэрыхъужам, сыкъыхуеджауэ щытащ. Тхылъ зыкъомыфIи диIащ дэ.

Ахэр жиIэурэ, Яшко дэIэпщIэпщIыхьу щIидзащ пхъуантэм икIи къыдихащ тхылъ зыбжанэ зэкIуэцIыпхауэ. КъитIатэри, абы ахэр стIолыщхьэм

къытрилъхьэу щIидзащ. Ахэм яхэтт азбуки, еджэкIэм зэрызэрагъэужь тхылъи, иужь дыдэу анэм тыгъэ къыхуищIа тхыдэ лъапIэм теухуа дин тхылъ щIэрыпсри. ИтIанэ щIалэ цIыкIум къищтащ дин уэрэдхэр зэрыт тхылъ Iуври, тхьэлъэIухэр зэрыт тхылъри, Тхьэм и хабзэм узэрыпсэун щIыкIэм топсэлъыхь тхылъри. Псом яужькIэ щIалэ цIыкIум пхъуантэм къыдихащ хуабжьу хуэсакъыу зэкIуэцIалъхьа тхылъыр икIи Мартин цIыкIум мыпхуэдэу жриIащ:

– Мыр Тхьэм и псалъэ тхахэщ, Библие жыхуаIэрщ.

– Абы Тхьэм теухуа ит?

– И пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс зытеухуар Тхьэрщ. Мыбы итщ махуихым къриубыдэу Тхьэм дунейр зэриухуар. Си тхыдэ лъапIэм итщ ардыдэр, иратха къудей мыхъуу сурэтхэри иращIыхьыжащ абы.

– ЩIалэ цIыкIухэм щIадзащ сурэтхэм еплъу. Яшко тепсэлъыхьт дэтхэнэми къикIым.

Мартин Яшко жиIэ хъыбархэм дихьэхауэ едауэрт. Нэху къытещхьэху едэIуэнуи хьэзырт ар абыхэм.

– А къомыр еджапIэм къыщызжаIащ иджы фэ? – жиIэри зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу щIэупщIащ ар.

– Зыкъомыр еджапIэм щыдагъэджащ, зыкъомыр си анэм къысхуиIуэтащ, иджы, мис, – сэ псоми сыкъоджэжыф езыр.

Яшко къеджэн щIидзащ. Илъэсий фIэкIа мыхъуа пэтми, ар хъарзынэу къеджэрт.

Мартин къэнэщхъеящ. Иджыщ абы нэгъэсауэ къыщыгурыIуар еджапIэм зэрамыгъэкIуамкIэ зыпIыжахэр къызэрекъуэншэкIар. „ЕджапIэм сыщIэсауэ щытамэ, – егупсыст ар, – иджы сэри Яшко хуэдэу сыкъеджэфынут. Мо тхылъ лъапIэм сэрсэрурэ сыкъеджэжынт. Сыту фIыIуэ-тIэ ар – апхуэдэ тхылъ си унэ зэрилъри абы къеджэф цIыху зэрысщIыгъури!“

Зэресагъэжьым хуэдэу, Мартин пыIэр зэрыщхьэрыгъыу унэм щIэст, ауэ Яшко „Тхьэм и псалъэ лъапIэхэр“ жиIэу жинтым тетым къыщеджэм, зэуэ пыIэр зыщхьэрихащ. А махуэм щыщIэдзауи Тхылъ лъапIэр зыщIэлъ унэм абы зэи пыIэ щыщхьэритIэгъакъым. Апхуэдэу ар абы щIищIыр щыцIыкIум щыгъуэ къуажэтетым и фызым иригъэсати аращ пщIэ яхуищIу адрейхэм пыIэр яхущхьэрихыу. Уафэм къеха Тхьэм тепсэлъыхь Библием, абы къызэрилъытэмкIэ, пщIэ хэха хуэпщIыпхъэт.

ЩIалэ цIыкIуитIым зэнэзэпсэу зэдэпсэууэ щIадзащ. Нэжэгужэу зэпсалъэрэ зыр зым и нэм щIэплъэу ахэр губгъуэм къикIыжырт. Ахэр зылъагъу цIыхубзхэр къащыгуфIыкIырт. ТIэкIуи яфIэгуэныхь хъуащ ахэм щIалэ цIыкIутIыр.

– Девгъауи, – жаIащ ахэм ящыщ зыкъомым, – нэхъ щIакхъуэ нэхъыби, хадэхэкIи, хьэнтхъупси яхуедывгъэхь абыхэм.

– Абы щхьэкIэ дэ къулейсыз дыхъункъым, – къыщIигъуащ къуажэтетым и фызым, – атIэми щIалэ цIыкIухэр мэжэлIэнкъым.

Куэдрэт – жаIар ягъэзэщIащ!

„ТхьэмыщкIэ цIыкIухэ“ – арат къуажэм дэсу

хъуар щIалэ цIыкIуитIым зэреджэр. Ауэ зыми ищIэртэкъым ахэм нэхъ насыпыфIэ къуажэ псом зэрыдэмысыр.

Пщэдджыжь къэс Мартин цIыкIу гуфIэпсыжу и ныбжьэгъур къигъэушт. ИтIанэ ахэр нэхъ гъунэгъу дыдэу щыIэ псынэм затхьэщIыну кIуэрт. Абы иужькIэ я щхьэр яжьт, зэхуапэрти, Тхьэм елъэIуу щIадзэрт. Яшко ину къеджэрт „Ди Адэ лъапIэ“ жыхуиIэм, Мартин цIыкIуи Iущащэурэ тхьэлъэIу псалъэ зэхиххэр жиIэжырт. Абы иужькIэ азбукэри, тхыдэ лъапIэри, сэ жанри, чылахъстэнхэр зэрызэрапхыну Iуданэри зыгуэрым кIуэцIашыхьащ. Мартин цIыкIу Iэхъуэ сринэр къищтэщ, церпкIэ епха Бундаш къиутIыпщри, хъушэм я пэ итрэ гуфIэжхэу къуажэм дэкIри мэзымкIэ ягъэзащ.

Хъушэр хъупIэм нахуса нэужь, Мартини, Яшки, Бундаши шхэну тIысахэщ. Яшко Библием ит хъыбархэм къеджэрти, ар зэриухыу азбукэм ит хьэрфхэм ящыщ гуэрхэр зэригъэщIэн хуейуэ Мартин цIыкIу иритырт. Иритырти, мыдрейм ар зэригъэщIэху, хъушэм кIэлъыплъыну е матэ ящIын чылахъстэн зэригъэпэщыну езыр кIуэрт. Яшко игъэщIагъуэрт Мартин цIыкIу фIыуэ зэреджэр: Яшко къигъэзэжыхукIэ, хьэрфхэр зэригъэцIыху къудей мыхъуу, а хьэрфхэр пычыгъуэурэ зэхигъэувэрт абы. Мартин цIыкIу мыпхуэдэу щыжиIи къэхъурт:

– Сэ сытым дежи къысфIэщIт еджэкIэ зэбгъэщIэныр гугъуу, ауэ, къызэрыщIэкIымкIэ, ар нэгузыужь къудейуэ аращ. Сыту фIыуэ къагупсысат цIыхухэм мы азбукэр! Хьэрф къэскIэ абыхэм

хуащІащ сурэт цІыкІу, делэ дыдэуи ущытын хуейщ ахэр уи гум пхуимыубыдэн щхьэкІэ. ЗытІущрэ сурэтым сеплъыну фІэкІа сыхуейкъым сэ иджыпсту, – занщІэу хьэрфыр зыхуэдэр къызощІэ! ЕджэкІэ дэнэ къэна, тхэкІи пхузэгъэщІэнущ мы азбукэмкІэ! Хэт емыплъынрэт абы...

Яшко иІэжу къыщІэкІащ фІамыщІкІэ узытетхыхь хъу мывэ Іэбгъу цІыкІу, ныкъуэкъутэу. Арати, куэдрэ емыгупсысу ар яужь ихьащ Мартин цІыкІу тхэкІэ иригъэщІэну.

Азбукэм е мывэ Іэбгъум щыщхьэщысхэм деж, Мартин цІыкІу хъуэпсэнэгуу щІэгупсыст щІымахуэр къэсыху еджэкІэрэ тхэкІэрэ зэрызэригъэщІэнум. Сыту фІыІуэ хъунут итІанэ ар: Тхьэм и псалъэ лъапІэхэм къеджэу щысынт! Абыхэм щыщІэгупсыс дакъикъэхэм деж, Мартин цІыкІу и нэгур уафэм хуигъазэрти жиІэрт:

– Ди Зиусхьэн Аущ, сэ уэ сынолъэІуат къеджэкІэ сэзыгъэщІэн цІыху псэ хьэлэл къысхуэбгъэкІуэнуи, си лъэІур зэхэпхащ. Зиусхьэн! ГукІи псэкІи щІыхьэ пхузощІ сэ Уэ!...

Зэгуэрым, чылахъстэныхьэ щыІарэ хуабжьу езэшауэ Яшко къигъэзэжащ. МэракІуэ щыкуэд щІыпІэ хуэзэри, махуэ псом къиищыпу хэтат ар. Арати, къыщІыхьэжри, Мартин цІыкІу елъэІуу щІидзащ, пщэдей матэ къыздищтэу мэракІуэщыпэ кІуэну хуит ищІыну. Мэзхъумэм я деж ихьыну арат мэракІуэр. Мартин цІыкІу хуит ищІащ ар. Мэзхъумэм я унагъуэм фІыуэ къацІыхуу икІи къалъагъуу щытащ Яшко и анэр, мо щІалэ цІыкІур щахуэкІуэм, мэзхъумэри и фызри къеупщІу щІадзащ и псэукІэ сыт-

хэмкIэ. МэракIуэм и уасэр абыхэм щIалэ цIыкIум кърататщ, и матэми, хэмылъ щымыIэ жыхуаIэм хуэдэу, зыгуэрхэр изу кърaлъхьaщ. Абы къыдэкIуэу мэзхъумэм и фызым Яшко къалэн къыщищIащ бэрэжьейрэ щэбэтрэ къэс бэзэрым лы къыщищэхурэ къахуихьын хуейуэ. Къахуихьыху къэс, щай иратыну къагъэгугъащ.

Абы щыщIэдзауэ зы махуэ дэкIакъым къуажэм кърихыурэ зыгуэрхэр Яшко мэзхъумэм я деж къимыхьу. Мартин пощтми игъакIуэрт ар, мэзхъумэм письмо иIэрэ имыIэрэ зригъэщIэну. Зэгуэрым абы зэхихауэ щытащ, и зэманым письмохэр къазэрыIэрымыхьэм щхьэкIэ, цIыхубз гуэрхэр зэхуэтхьэусыхэу. Зыр поплъэ и лIым къыхуитхынум, адрейр – и къуэм, арщхьэкIэ, лIо, – письмохэр тхьэмахуэкIэрэ е пощтым, е пощтзехьэм я деж щогувэ. Мис арат щIалэ цIыкIум Яшко мэзхъумэм и письмом щIэупщIэну щIигъакIуэр. Мэзхъумэр щIалэ цIыкIум къыщытхъуащ а и гукъэкIым щхьэкIэ. Ар къыщащIэм, цIыхубзхэри Яшко къелъэIуу щIадзащ ахэми я письмо Iуэхухэм щIэупщIэну. Арати, Мартин цIыкIу и щIакхъуэ Iыхьэр Яшко щIыдигуэшын лъэпкъ щыIэжтэкъым – абы езым хъарзыну къилэжьырт, къыфIэбгъэкIмэ, щIымахуэм тIэкIуи хуэгъэтIылъэу щIидзащ. ЯхуищIэ Iуэхутхьэбзэм пэкIуэу, зы унэгуащэм джэдыкIэ къритт, адрейм – кIэртIофрэ пхъырэ, ещанэм – бэлъыджэ. Ауэ псом нэхърэ нэхъ зыщыгуфIыкIахэрати, – къахуемыхьэлIэжу бэгъуа кхъужьымрэ мыIэрысэмрэ щыщ къыпачыныр щIалэ цIыкIухэм паубыдыртэкъым. Паубыд дэнэ къэна, яхуэхьым хуэдиз къыздащтэну

хуит ящIахэт. Хуэсакъыурэ зэхуахьэсауэ хъуар щIымахуэ щхыну ягъэтIылъырт абыхэм.

Тхьэмахуэхэм деж Мартин цIыкIу Яшко зыщIимыгъуу къигъанэрт икIи мыпхуэдэу жриIэрт:

– Члисэ зэIущIэм кIуэ. КIуэи, дин пашэм жиIэу хъуар уи гум фIыуэ иубыдэ, итIанэ сэ къызжепIэжын хуэдэу!

Зы тхьэмахуэ гуэрым къызэрыкIуэж хабзэм нэхърэ нэхъ кIасэу Мартин цIыкIу къекIуэлIэжащ. КIыфI хъууэ хуежьэт. Уафэми къиувакIэт мазэ ныкъуэ фагъуэр. Хъушэр мэзым къыхихужа къудейуэ, Мартин къыфIэщIащ щIым хэIубарэ гъызыжу щылъ цIыху гуэр илъэгъуауэ. ЩIалэ цIыкIур къэшынащ, ауэ нэхъ гъунэгъуу бгъэдыхьэу щеплъым – ар пхъэдакъэу къыщIэкIащ. Мазэм и нур лыдхэр берычэту зытридзэ пхъэдакъэм и теплъэм зихъуэжауэ, мэзым къыхэIукI макъ шынагъуэ къомри абы къыхыхьэжауэ арат. Мартин цIыкIу пхъэдакъэм къыбгъэдэувыIэри моуэ егупсысащ: „Мис мыпхуэдэ дыдэу Гефсимание щыIэ жыг хадэм хэлъащ Тхьэм и Къуэр, ажалым и хьэзабыр хуэмышэчыжу. Ар щэIурэ гъуэгыу лIы укIыпIэм яшауэ щытащ, Езым и ажалымкIэ сэ си гуэныхьхэр сщхьэщихыну“.

ЩIалэ цIыкIум и гур гущIэгъум ихузащ. Унэм къэсыжыху, ар гъащ икIи Тхьэм елъэIуащ: „Ди Зиусхьэн, щIэх сыпшэжыну Уэ уи деж? Сэ хуабжьу сыщIохъуэпс Уэ услъагъуну, ди Зиусхьэн Ауш! Сэ уи пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу ситIысхьэнурэ къытхуэпщIа псом щхьэкIи Уэ сынохъуэхъунут“.

ЩIымахуэр къэсри, фызхэм Iэщыр Iуэм ираубыдэжащ. Ахэм Iэхъуэ щIалэм щыгъынышIэ хуэдри

апхуэдизкIэ екIуу зэщахуэпыкIати, дыхьэшхыурэ жаIэрт:

– Мис иджы къэпшэнумэ щхьэусыгъуэ лъэпкъ уиIэжккъым, Мартин!

Ауэ щIалэ цIыкIум къыхихар нэгъуэщIщ: Яшко щIыгъуу абы щIидзащ еджапIэм кIуэурэ нэхъ цIыкIу дыдэхэм ящIыгъуу еджэкIэ тхэкIэ зригъащIэу. Къуажэдэсхэм ар зэрагъэщIэгъуэнур ящIэртэкъым. Дэни абы и гугъу щащIт, щхьэж зэрыхузэфIэкIкIи къыщыдыхьэшхт.

Пэжу, Мартин цIыкIу занщIэу къащтакъым еджапIэм. ЕгъэджакIуэр куэдрэ пылъащ ар къимыщтэну. Абыи къыфIэщIт адрей сабийхэр Мартин цIыкIу къыщыдыхьэшхыну. Ауэ игъэунэхуа, мыбзаджэу къеджэфу, тIэкIуи тхэфу зэрыщытыр илъэгъуа нэужь, егъэджакIуэм хуит ищIащ ар еджапIэм къэкIуэну. ЩIэх дыдэуи щытхъупсыр къригъэжэхыу щIидзащ абы Мартин. Зэи иIатэкъым абы апхуэдизу еджакIуэ гурыхуэ. Куэд дэмыкIыу егъэджакIуэм езым нэхъ пэгъунэгъуу Мартин къигъэтIысащ, щIымахуэм и кIэхэм деж адрей еджакIуэхэм яхэсрэ дин уэрэдхэр, Библием щыщ хъыбархэм гукIэ зэригъэщIэу ежьэжащ.

– Сыту си гуапэ хъунут Мартин хуэдэу псори еджэу щытамэ! – яжриIэрт куэдрэ егъэджакIуэм сабийхэм.

А гъэм, япэхэм хуэмыдэу, Мартин цIыкIу гъатхэр нэхъ псынщIэу къихьэным щIэхъуэпсыщэртэкъым, сыту жыпIэмэ и еджэн Iуэхури чылисэ зэIущIэм кIуэнри гъатхэр къызэрысу зэпыунут. Бжьыхьэм, япэ дыдэу чылисэ зэIущIэм щыкIуам,

абы и нэхэр къыхуным нэсат. Махуэшхуэ дыдэт ар абы дежкIэ. Шэху уэздыгъэ псори пыгъэнат, органым къеуэрт, дин уэрэд макъри къэIурт. Дин пашэм Тхьэм и хъыбар яжриIэу щIидзащ. Мартин къыщыхъут щIыгум телъэтыкIри уафэм къыщыхутауэ. Ар егупсыст, мыпхуэдэуи и щхьэм хужиIэжт: „Аращ, мыр Тхьэм и унэшхуэ лъапIэщ!“

А махуэм къыщыщIэдзауэ, абы зы тхьэмахуэи блигъэкIакъым чылисэ зэIущIэм мыкIуэу. ЩIалэ цIыкIу хорым ар яхыхьакъым. Абы и жагъуэ хъурт чылисэ зэIущIэм щыIэу ахэр зэрызэпсалъэр, зэрызэраныр. Мартин цIыкIу нэхъ къыхихауэ здэщысыр бжэм пэгъунэгъуу и кIэ дыдэмкIэ щыIэ тетIысхьэпIэрт. Абдежым абы хьарзынэу щызэхихт дин пашэм жиIэхэр, Тхьэм ущелъэIунуи хъарзынэт. Дин уэрэдхэм щыдежьум дежи зэран къыхуэхъуIатэкъым. ЩIэх дыдэу абы зригъэсащ уэрэд тхылъымкIэ дин уэрэдхэр жиIэу. АпхуэдизкIэ дахэу, и гур хыхьауэ жиIэрт, макъ дахащэ иIэти, Мартин цIыкIу къызэрыхидзэу, цIыхухэр къызэплъэкIырт. ЗэхэпщIэрт абы и тхьэелъэIу псалъэхэр гум къыбгъэдэкIрэ занщIэу Тхьэм деж нэсу зэрыщытыр.

Гъатхэр къихьащ.

МэкъумэшыщIэхэр щыгуфIыкIырт ар къызэрихьам: Iэзыр щIэбгъэшхэн щыIэтэкъым, езыхэм я щхьэр яхуэпIыжынут, арыншами мэкъумылэу къахуэнэжа щыIэжтэкъым. Мартини иригуфIэрт фIыщэу илъагъу мэзхэмрэ хъупIэхэмрэ аргуэру зэрилъагъунум. Зы закъуэт ар зыгъэгумэщIыр: Яшко дауэ хъуну? Мартин хуейтэкъым экзаменхэр зэфIэмыкIыу абы и еджэныр зэпигъэуну, ауэ хэтыт ар

зыгъэшхэнур? Езы Мартин махуэ псом хъупIэм итынущ. Зэгуэрым мыбыхэм егупсысу Мартин и бжэIупэм Iутт: „ГъэщIэгъуэнщ, – Тхьэм уэсри мылри щIым тригъэкъэбзыкIащ! Дыгъуасэ хуэдэщ мыбдежым уэсыр Iуву щытелъар, иджы, мис, удз щхъуантIэ цIыкIухэр къытрикIутакIэщ; тхьэмахуитI хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, цIыкIухэ лъэрыжэкIэ къажыхьу щытащ, иджы топ, гъуэрыгъуапщкIуэ мэджэгури дэтхэщ“. Абыхэм егупсысу зыдэщытым, Мартин къыбгъэдыхьащ къуажэтетым и фызыр.

– Афэрым, Мартин! – къыжриIащ абы щIалэ цIыкIум, – Яшко хъарзынэу щIымахуэ щIэбгъэкIащ. Абы и анэр адрей дунейм Тхьэ щыпхуелъэIунщ уэ. Псом хуэмыдэжу, абы и псэр иригуфIэу къыщIэкIынщ и къуэр еджапIэм зэрыбгъакIуэм щхьэкIэ. Апхуэдэу щыщыткIэ жытIэри, дэ мурад тщIащ экзаменхэр къысыху абы и еджэныр зэпыдмыгъэуну. Ди пщэ дыдолъхьэ дэ абы и гъэшхэныр. Зы тхьэмахуэм ар си деж щышхэнущ, къыкIэлъыкIуэм – щхьэлтетым и фызым деж, итIанэ – мэзхъумэм.

Ар щызэхихым, Мартин апхуэдизкIэ къэгуфIати, къуажэтетым и фызым зэрехъуэхъуну щIыкIэр къыхуэщIэртэкъым. Яшко теухуауэ зы хьэлъэ гуэр и плIэм ихужауэ къыщыхъуащ абы. А махуэм гугъут къэбгъуэтыну абы нэхърэ нэхъ насыпыфIэ.

Блыщхьэ пщэдджыжьым Яшко Мартин дэIэпыкъуурэ хъушэр дахури мэзым нэблэгъэхукIэ абы дэщIыгъуурэ кIуащ. ИтIанэ къыщIэпхъуэжащ, еджапIэм кIуэну. Мартин цIыкIу куэдрэ щытащ,

абы къыкIэлъыплъу. Шэджагъуэр къызэрысу Яшко къэкIуэжащ шхэну. Хуабжьу мэжэлIати, щхьэлтетым и фызым хуигъэхьэзырар и нэхъуей текIауэ Мартин ишхт.

Фызхэм жаIар ягъэпэжащ: экзаменхэр къэсыху абыхэм ягъэшхащ Яшко.

– ЛIо, Мартин цIыкIу, хъупIэм уи закъуэ ущызэшкъэ, Яшко пщIымыгъуу? – къеупщIырт абы фызхэр.

Ауэ Мартин цIыкIу зэшыну хущIыхьэгъуэ ихуэртэкъым. Абы и къалэнт и нэIэ хъушэм тримыгъэкIыну, ауэ къыщыдэхуэ зэзэмызэхэм деж, и Инджылыр хъуржыным кърихти, къеджэу щыст. СатыритI нэхъыбэ зэуэ еджэну абы зэман игъуэттэкъым. Яшко ещхьу, аририжэу къеджэфтэкъым, ауэ къызэджам кууэ егупсысырт, махуэ къэси щIэ гуэрхэр къищIэрт. Зэгуэрым ар къеджащ Христос жэмэщым къызэрыщалъхуам, сыту жыпIэмэ нэгъуэщI хэщIапIэ къыхуагъуэтыфатэкъым Абы. А псалъэхэр и гум хыхьащ Мартин цIыкIу. Абы занщIэу и нэгу къыщIыхьэжащ къуажэтетым я деж щыщыIам, ари жэщым и гъусэу жэмэщым зэрыщыпсэуар икIи хуабжьу фIэгуэныхь хъуащ гущэм и пIэкIэ шхалъэм дэлъа Тхьэм и Къуэр.

ИужькIэ Мартин цIыкIу къеджащ Христос илъэс пщыкIутI щрикъуам, Назарет икIыу Ерусалим зэрыкIуауэ щытам, Назарет Тхьэм и унэшхуэ зэрыдэмытым къыхэкIкIэ. Абы щыгъуэ Ар цIыху Iувым яхэзэрыхьри, гузэвэгъуэр телъу махуищкIэ и анэм къилъыхъуагъащ. Сытым хуэдэу гуфIат ар икIэмикIэжым и анэм Ар Тхьэм и унэшхуэм къыщигъуэ-

тыжауэ къыщеджам. „ЗанщIэу кIуэуэ Тхьэм и унэшхуэм къыщалъыхъуэн хуеящ. Щхьэ ягу къемыкIарэ абыхэм, Тхьэм и унэшхуэм фIэкIа нэгъуэщIыпIэ Ар зэрыщымыIэнур?“ – егупсысырт Мартин цIыкIу.

ЩIалэ цIыкIум мызэ-мытIэу игу къэкIыжащ Христос Ерусалим зэрыкIуауэ щыта щIыкIэр. Ар, дауи, губгъуэхэм пхрыкIащ, здэкIуэм удз гъэгъахэр зэхуихьэсурэ, мэз хуэзэмэ, жыг щIагъ жьауэхэм зыщигъэпсэхуурэ.

Мартин цIыкIу апхуэдизкIэ IупщIу и нэгу къыщIигъэувэрт Христоси, Ар Рашово кIуэуэ блэкIыу илъэгъуауэ фIэкIа пщIэнтэкъым.

Зы дакъикъи Iуэхуншэ хъуртэкъым Мартин цIыкIу, сытым дежи абы уэрэд къыхидзэрт, къызэрыхидзэуи, абы и макъ жьгъыру къабзэм джэрпэджэжри къыдежьурт.

Лъагэу Iурт абы и уэрэд макъыр.

„Сызэхэх Зиусхьэну си Тхьэ лъапIэ, итIанэ уи деж щызгъуэтынущ сэ сызыщIэхъуэпс гузэгъэгъуэр!“

А псалъэхэр джэрпэджэжым ипхъуатэрт, губгъуэхэми къуршхэм адкIэжкIи ихъу, Христос нэхъыфIу зэхригъэхыну хуей къыпфIэщIу. Зэгуэрым, уэрэдыр иухри, Мартин цIыкIу ину жиIащ:

– Ди Зиусхьэну Аущ Христос! Сэ иджы сощIэ Уэ уздэщыIэр, ауэ сыхуейт, ар сщIэ къудей мыхъуу, Уэ Езыр си нэкIэ услъагъуну. Сэ сощIэ Уэ иджыри дунейм къызэрыбгъэзэжынур, ауэ къысхуэмыщIэр ар къыщыхъунуращ – пщыхьэщхьэу, хьэмэрэ пщэдджыжьу?

– Пщэдджыжьу, – щхьэпрыIукIащ джэрпэджэжыр мэзыщхьэм.

– Пщэдджыжьым, – къыпищащ аргуэру.

Мартин къыпыгуфIыкIри аргуэру еупщIащ:

– Ди Зиусхьэн, Уэ укъэкIуэнущ, дауи?

– Дауи, – къытригъэзэжащ джэрпэджэжым.

А гъэм Мартин цIыкIу тхьэмахуэкIэрэ матэ ищIу зэрыщытар пичащ. Абы жиIэрт мыпхуэдэу: „Iэщыр сэ згъэхъун хуейщ. Абы мэкъумэшыщIэхэри хуейщ, езы хъушэми, и сэбэп мыхъумэ, и зэран лъэпкъ хэлъкъым; матэхэр сэ си жэрдэмкIэ сощI, ауэ Зиусхьэным къабыл ищIкъым тхьэмахуэм уи щхьэм ухуэлэжьэжыну. СпIожь, чылисэ зэIущIэм сымыкIуэфми, Абы и махуэшхуэр сэ мы мэзым щызгъэлъапIэ хъунущ“. Арати, тхьэмахуэ къэс Мартин цIыкIу, чылисэ зэIущIэм зэрыкIуэм ещхьу, екIуу зыкъихуапэу щIидзащ. Кхъэ мащэтI лIыжьым и фызыр абы щхьэкIэ Мартин къешхыдэрт.

– Махуэшхуэ лъапIэр мэзми щымахуэшхуэ лъапIэщ, нанэ, – жриIэрт Мартин цIыкIу абы.

– Ар пэжкIэ пэжщ, ауэ хэт уэ абы укъыщызылъагъур.

– Зиусхьэным сыкъелъагъу, нанэ. Тхьэм псоми унафэ къытщищIащ и махуэшхуэр дгъэлъэпIэну. НтIэ, джанэ фIей сщыгъыу дауэ сэ абы и пащхьэ сызэрихьэнур?

Фызыр игукIэ абы арэзы дэхъуащ.

Мартин цIыкIу и псалъэхэр зэпымычу игу къэкIыжат абы махуэшхуэ лъапIэхэм деж, и кIэпхыныр фIеймэ, занщIэу къабзэкIэ зэрихъуэкIт.

Къуажэм гуауэ къыдэхъуащ: дунейм ехыжащ

щхьэлтетым и фызыр. ЩылIэм щыгъуэ абы уэсят къищIыжащ и цы IэлъэщIыр Мартин цIыкIу иратыжыну. IэлъэщIыр тIорысэт, ауэ абы хэт тхыпхъэхэр щIалэ цIыкIум игу хуабжьу ирихьт: розэхэмрэ нэгъуэщI удз гъэгъахэмрэ губгъуэм щызэбгрыпхъауэ ит хуэдэу хэщIыхьат. Мартин цIыкIу ар мэзым зыдихьти, и Инджылыр зытрилъхьэ мывэм триубгъуэрт. Чылисэ алтар къыдэт хуэдэ, абы бгъэдэту ар еджэрт, Тхьэм елъэIут, дин уэрэдхэри жиIэрт. Тхьэмахуэ пщэдджыжь къэскIэ апхуэдэу ищIт абы. Шэджагъуэ зэрыхъуу Мартин цIыкIу деж Яшко къакIуэрт.

Яшко зкзаменхэр ита нэужь, япэм ещхьу псэууэ щIадзащ щIалэ цIыкIуитIым. ЗэщIыгъуу чылахъстэнхэр паупщIт, итIанэ Мартин цIыкIу абыхэм матэ къахищIыкIт, Яшки, Iуэхуншэу щымысу, мэракIуэрэ Iэгъэбэгурэ къищыпти, ахэр ищэну ихьт. Абы къищынэмыщIауэ, Яшко щIыкъэпщ гуэрым тхьэмахуитIкIэ хуэлэжьэну, и Iэмэпсымэхэр пщIэкIэ къыкIэлърихьэкIыну гурыIуат.

Гульден щIэрыпситI къыщилэжьащ абы деж Яшко икIи щIалэ цIыкIуитIым ахэр хэлъхьащ дадзыхауэ яIэ адрей ахъшэ тIэкIум. ИужькIэ а акъшэхэмкIэ абыхэм къащэхуащ Яшко щхьэкIэ джанэщIэ, и къатырыжьитIри ирагъэдыжыну шырыкъущIэм хуахьащ.

Я гуфIэгъуэм кIэ иIэтэкъым а цIыкIуитIым. Ахэр щалъагъукIэ, цIыхухэри гуфIэрт. Бундаш Яшко зыщихъуэу бгъэдэтт, епэмрэ щIалэ дахэ зыщIэхъукI мо щыгъынышIэхэр зэрыщыгъым щхьэкIэ къимыцIыхуж хуэдэ.

Зыкъомым зыхуагъэныкъуэурэ апхуэдэу захуэпэжыф щхьэкIэ, я унэжь цIыкIур зэрагъэпэщыжыну ялъэкIытэкъым абыхэм. Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу ар нэхъри кхъахэ хъурт. Зэгуэр, щIалэ цIыкIухэр мэзым здэщыIэм, абыхэм я унащхьэм къыкIэрыхури зы Iыхьэшхуэ къехуэхащ. АпхуэдизкIэ ин къехуэхари, къагъэзэжа нэужь, ахэр ерагъкIэ щIыхьэжауэ аращ унэм. ЦIыхухэм чэнджэщ къратащ, щIимыпIытIэн щхьэкIэ, унэм жэщкIэ щIэмылъыну. Арати, Бундаш ящIыгъуу ахэр жэщым къыщIэнащ гуэщым.

Гъэмахуэр уэлбанэрилэти, Мартин цIыкIу гуныкъуэгъуэмрэ Iуэхумрэ щигъащIэртэкъым. Iэщыр шха зэрыхъунми, удз псыф куэдыIуэ зэрамышхынми кIэлъыплъын хуей хъурт ар. КъимыдэкIэ, а гъэм щIэуэ мэл зыкъом хъушэм къыхыхьати, зэпымычу  зэбгрыжт. Яшко хъарзынэу бжэкIэ ищIэрт, ахъумэ хъушэм щыщ гуэрхэр мэзым къыщIанэнкIэ хъуну мызэ-мытIэу къахуихуат.

Зэгуэрым, пщыхьэщхьэу, мэкъумэшыщIэхэм Яшко зыщIыпIэ IуэхутхьэбзэкIэ ягъэкIуати, Мартин цIыкIу и закъуэ хъушэр зэхуихусыжын хуей хъуащ. Щэнейрэ щIибжыкIащ абы и мэл хъушэр. Апхуэдизуи щхьэ къытехьэлъэрэт абы Iэхъуэныр? Мэлхэм къакIэлъижыхьыурэ ар хуабжьу ешат, махуэм и кIыхьагъми Инджылыр къызэIуихыу сатыритI нэхъ мыхъуми еджатэкъым. А сыхьэтым абы игу къэкIыжащ иужь дыдэу зэджар: „Тхьэм и Къуэр къыщIэкIуар кIуэдам лъыхъуэурэ, мыкIуэду къригъэлыну арщ“ (Мф.18:11).

„Хэт зылъыхъуэнур – цIыхухэра? – зэупщIы-

жырт Мартин цIыкIу. – Сыту хъарзынэт ар зыгуэрым къызгуригъэIуэфамэ!“ ЗдэкIуэнум нэсыху, а псалъэхэм егупсысащ ар. Къуажэри – мис. Ар къызэралъагъуу, цIыхубзхэр къыпежьащ, хэт и жэмыр, хэти и мэлхэр дихуэжыну. Щхьэлтетым и мэлыр хъушэм хэттэкъым.

– Уэ жьэущIри уэ! – жиIэри абы къытекIиеу, псалъэ фIейр къытритхъуэу щIидзащ щхьэлтетым и фыз къэгубжьам. – А уи щIалэжь цIыкIум ерысъкыуэ езгъэшхам ара къыпэкIуар! Тхьэм ещIэ фэ а мэзым щыфщIэ къомыр, сэ а псор сшэчын хуейуэ къыстрилъхьар сыт?!

Аргуэру къытриунащIэу щIидзащ абы шхыдэ псалъэхэр. Мартин цIыкIу къэуIэбжьарэ ищIэнури жиIэнури имыщIэу щытт. Щхьэлтетым и фызыр къызэрыщIэкIиери мэлыр зэрыкIуэдари хузэхыхьэжауэ, ар гузавэм ихьт. Дауэ хъу мыгъуэу пIэрэ а мэл цIыкIум и закъуэ мо мэзышхуэм?

Арати, зэуэ зричри, Мартин мэзымкIэ иунэтIащ. Мазэ изыр нур зэбгритыкIыу уэгум итт, „Умыгузавэ, Мартин цIыкIу, сэ сыбдэIэпыкъунщ!“ жиIэ хуэдэуи къыхуеплъыхырт.

КъыщыщIар апхуэдизкIэ и гум щIыхьати, Мартин цIыкIу зэрешари зэхищIэртэкъым. Ар щIэх дыдэу нэсащ махуэм мэлыр щигъэхъуа щIыпIэм. КъэпщIэнтIарэ зэрыщыту псыф хъуауэ, Мартин щIым зыхидзэри тIэкIурэ зигъэпсэхуащ, итIанэ мэл цIыкIум еджэу, къилъыхъуэу ежьэжащ.

– НатIэхуцIыкIу, НатIэхуцIыкIу, мыдэ къакIуэ, мыдэ къакIуэ!

Куэдрэ еджащ ар абы, ауэ жэуап зэрыщымыIэм

хуэдэт. Абы ирихьэлIэу жыжьэу зыщIыпIэкIэ къиIукIащ тхьэусыхэ Iуей макъ.

– НатIэхуцIыкIу, НатIэхуцIыкIу! – къэгуфIауэ зричри, чыцэ банэм кIуэцIрыжурэ, мэзым хэлъэдащ Мартин. Ар жэрт, мывэхэм, пхъэдакъэхэм елъэу, къудамэхэм и напэр кърахулэкIрэ жыг лъабжьэхэм ягъэлъэпэрапэу. И щыгъыныр къудамэхэм фIэнэурэ зыбжанэрэ ар джэлащ, и лъакъуэхэр триуду, ауэ мэлыр къилъыхъуэн абы щхьэкIэ къигъэнакъым. ИкIэм-икIэжым Мартин цIыкIу нэсащ мэл Iуей макъыр къыздиIукIам деж. Ауэ мо мэз щIагъ кIыфIым дауэт ар къызэрыщыбгъуэтынур? Абы ирихьэлIэу мазэм къигъэнэхуащ мащэ куу гуэрым и лъащIэр. Иплъэри, Мартин цIыкIу къилъэгъуащ зы хужь гуэр. ФIыуэ и нэIуасэ макъри зэхихащ. Арат, и мэл цIыкIурат. Мо бэлацэ цIыкIур чыцэ банэм хэнауэ къыхэкIыжыфыртэкъым. Мащэм къикIыжын дэнэ къэна, къызэфIэмыувэфу щылът.

А сыхьэтым Мартин цIыкIу и гум къэкIыжащ Инджылым ит псалъэхэр: „ЦIыху Лъэпкъым и Къуэр къыщIэкIуар цIыху кIуэдам лъыхъуэурэ, мыкIуэду къригъэлыну арщ“ (Мф. 18:11). Иджы абы къыгурыIуакIэт а псэлъафэм къикIыр. Абы къримыгъэламэ, мэл цIыкIур зэрылIэнум шэч хэлътэкъым – мис абы ещхьыркъабзэу кIуэдыкIей мэхъу цIыху гуэныхьлыхэмрэ акъылыншэхэмрэ. Банэ чыцэм мэл цIыкIур къызэримыутIыпщым ещхьу, уафэм дэкIуеину хуей цIыхур яутIыпщкъым бзаджагъэу ищIахэмрэ гуэныхьу телъхэмрэ.

Арати, Зиусхьэн Ауэ къакIуэри гуэныхь зытелъ

цIыхухэр ириджащ. Абы и джэ макъым гуэрхэр къыпэджэжати, ахэр къахихри Езым и деж ихьащ. „Абы ещхьыркъэпсу, сэри Абы сыкъигъуэтащ“, – егупсыст Мартин цIыкIу. Иджы щIалэ цIыкIум шэч лъэпкъ къытрихьэжыртэкъым а псалъафэр абы пэжу къызэрыгурыIуам. Арати, мэлыр къыдихыжын мурадкIэ, щыхупIэм епщыхыу щIидзащ Мартин цIыкIу. И лъакъуэр мывэ ин гуэрым щытригъэувэм, абы къыщыхъуащ а мывэр хъейуэ.

„Мы мывэр ехуэхмэ, мэлыр иукIынкIэ хъунущ“, – жиIэу егупсысщ Мартин цIыкIуи, зы IэмкIэ къыр дзакIэр иубыдащ, арщхьэкIэ ари къыгуэкIыу хуежьащ. Арати, Мартин цIыкIу, мэлыр иримыгъэукIын щхьэкIэ, а иIыгъри иутIыпщщ абыми, зэуэ ехуэхащ. А зы напIэзыпIэм абы и тхьэкIумэр къэзууащ, и нэр щыункIыфIыкIащ. Адэ зыщIыпIэ тхьэгъуш макъ кIиIукIыу къыщыхъури, щIалэ цIыкIур абы хэту къэмэхащ. Апхуэдэу сыт хуэдизкIэ щылъами ищIэжкIым Мартин.

Зэуэ абы нэкуIукIэ зэхищIащ зы хуабэ гуэр, пщIэу макъ гъэщIэгъуэни къызэхихащ. Абы къыкIэлъыкIуэу нэгъуэщI макъ гуэрхэри и тхьэкIумэм къиIуащ абы. Мартин цIыкIу ерагъкIэ и нэхэр къызэтрихри ихъуреягъыр къызэхиплъыхьащ икIи егупсысащ: „Дэнэ мы сэ сыздэщыIэр?“

Абы къыщхьэщытт Бундаш. Пэмыжыжьэу чыцэм мэл цIыкIур хэлът. Уэгум ит вагъуэхэр хуэмхуэму ужьыхыжурэ нэхулъэ къызэкIэщIитхът, Яшко гъуэгыу мащэ Iуфэм къыщхьэщытт. Мартин къыщыщIа псори къигубзыгъыжащ. „Сэ щыхупIэм сыкъехуэхащ, – егупсысырт ар, – сиукIауэ щытамэ,

си лIэкIэр Христос и лIэкIэм ещхь хъунут. Абыи мэлхэр къилъыхъуэжауэ щытащ, ардыдэми къыхэкIащ Абы и ажалыр. Иджыпсту сэ зыкъызэрысщIэжам ещхьыркъэпсу, ари махуищ дэкIа нэужь, лIахэм къахэтэджыкIыжауэ щытащ, си мэлхэр дяпэкIэ згъэхъуну сызэрыхуитым ещхьу, Абыи и мэлхэр ажалым кърихъэлыфынущ".

Мартин цIыкIу апхуэдизкIэ къаруушэт иджыпстуи, Яшко гъуэгыу къыщхьэщымытамэ, аргуэру жеинт. Ар ерагъ-псэрагъкIэ къэтэджщ, мэл цIыкIур къыздищтэри, хуабжьу гугъу ехьурэ щыхупIэм къыдэпщыжащ. Яшко абы къыжриIащ, ар къэту зэрымыжеифар, Бундаш щIыгъуу и лъыхъуакIуэ къызэрыкIуа щIыкIэр.

Мартин хуабжьу къехьэлъэкIыурэ къуажэм къэсыжащ. Ар хуабжьу мэжалIэрт, япэ махуэм и шэджагъуэ лъандэрэ IухуаIатэкъым. Къару тIэкIу иIэжри триухат мэл къэлъыхъуэным. ИкIэм-икIэжым щыхупIэм ехуэхри удз псыфым хэлъу нэху щыху хэлъауэ арат.

И лъакъуэхэр ерагъкIэ зэблихыурэ ар кIуэрт икIи егупсыст, и мэлыр хуихьыжа нэужь, щхьэлтетым и фызыр зэрыгуфIэнум. А гупсысэм къару къыхилъхьэрт абы. ГуфIэным и пIэкIэ, аргуэру зэ къытехъущIыхьащ ар щIалэ цIыкIум. НэгъуэщI цIыхубз гуэрхэри къыдежьууэ щIадзащ абы, гувауэ къызэрыкIуам щхьэкIэ. Зэпеуэ хуэдэ псори къыхуэшхыдэрти, Мартин цIыкIу и щхьэр нэхъри къыфIэхуащ. Хуабжьу хьэлъэт Мартин дежкIэ мэзым къыщыщIидзэу къуажэм нэс къикIуа гъуэгуанэр, ауэ минкIэ нэхъ хьэлъэжт игъэзэжу абы нэс зэры-

кIуэжар. Яшкэрэ Бундашрэ хъушэм къыпэринэри, Мартин цIыкIу къырым и щхьэм тегъуэлъхьащ. Абы и нэгу зэхэуар иджыпсту щхьэлтетым и фызым къилъэгъуамэ, къызэрешхыдам щхьэкIэ Iэмал имыIэу щIегъуэжынт. ИтIанэ абы жиIэнтэкъым ар къуажэм я пщэдыкъым дэсрэ псоми къайхьэлъэкIыу.

Яшко хэтт Мартин цIыкIу тригъэуну, ауэ зыри къикIтэкъым. Зыри сэбэп хъуртэкъым. Мартин уэрэд жиIэнуи, къызэджахэм тепсэлъыхьыжынуи, Яшко жиIэхэм щIэдэIунуи къару иIэжтэкъым.

Апхуэдэурэ махуищ кIуащ.

Тхьэмахуэ махуэм ар Яшко елъэIуащ щIыгъуу хъупIэм кIуэну. Ахэм еджэу щIадзащ Инджылым щэбэт махуэу Христос цIыху гуэрым зэреIэзым щхьэкIэ, Ар мывэкIэ зыубэрэжьа журтхэм я къекIуэкIыкIэм. Кууэ щатэри, Мартин цIыкIу жиIащ:

– Ди Зиусхьэн, Уэ уакIыну хэтащ, цIыхур ажалым къызэребгъэлам щхьэкIэ. Сэ мэлыр ажалым къызэрезыгъэлам щхьэкIэ, ауэ сытми тIэкIу къызэшхыдахэу аращ, итIани, мис, ар си гум схутегъахуэркъым. Уэ абыхэм зэрахуэбгъэгъуам ещхьыркъэпсу, сэри щхьэлтетым си фызым хузогъэгъу!

И бампIэр тIысыху гъа нэужь, ар, япэм ещхьу, Iэхъуэ хъарзынэ хъужащ. Абы щIидзэжащ Яшко псалъэ IэфI жриIэу, япэм хуэдэу блэкIхэм къыблэкIыжхэми гуапэу фIэхъус ярихыу, ящыгуфIыкIыу.

Зы закъуэт абы зэрызихьуэжар: жыгхэм дэпщеижыфтэкъым. Бгы задэхэм ерагъкIэ дэкIыфу арат, мэлхэр хъупIэм нихусыху, тIорэ-щэрэ зимыгъэпсэхуу хъуртэкъым. Абы ишх щыIэтэкъым, зэпы-

мычуи псыхуэлIэм ихьт. И нэхэр гужьея-гужьеяуэ къицIуукIт, и нэкIури, игъащIэм дыгъэ темыпса хуэдэ, фагъуэт.

А илъэсым Iэщыр нэхъ пасэу ираубыдэжынути, Яшко абы хуабжьу иригуфIэрт.

– Аргуэру дэ зэщIыгъуу еджапIэм дыкIуэу щIэддзэжынущ. ЕджэнкIэ сэ укъыщыскIэщIыхьакIэ, егъэджакIуэм зэщIыгъуу дызэригъэтIысынум шэч къытесхьэркъым, – жриIэрт абы Мартин цIыкIу.

Арати, щIалэ цIыкIухэм иужь дыдэу мэлхэр щыдахун хуей махуэр къэсащ. Пщыхьэщхьэ дэхуэжыгъуэ зэрыхъуу Яшко щIидзащ хъушэр зэхуихусыжу. Мартин цIыкIу игу къихьащ апхуэдизрэ зытеса бгыщхьэм дэкIыу иужь дыдэу зэ тесыжыну, мы дунейр игъащIэми щыIа, хьэмэ зыгуэрым къигъэщIа, Зиусхьэным и хэщIапIэр здэщыIэри цIыхухэр лIа нэужькIэ абы зыдишэжри дэнэ, жиIэурэ щегупсысу щыта бгыщхьэм.

Ауэ а пщыхьэщхьэм апхуэдэ упщIэхэр зритыжтэкъым абы. Мартин цIыкIу иджы фIы дыдэу ищIэрт – Тхьэм уафэм ущыхуэлэжьэну уи мурадмэ, Абы ухуэлэжьэныр щIыгум къыщыщIэдзэн хуейщ. ИгукIи и псэкIи Тхьэм ехъуэхъуну хьэзырт щIалэ цIыкIур, Абы а псор къызэрыхузэIуихам щхьэкIэ.

Дихьэхарэ хьэщыкъ хуэхъуауэ къэзыухъуреихь дунейр къызэхиплъыхьырт Мартин цIыкIу. Аузыр пшагъуэм хэлът, щхьэтепхъуэ псыпсыжыр ныса-щIэ дахэм тепхъуа хуэдэ. Дыгъэм жыг щхьэкIэхэр къигъэлыдт, Мартин цIыкIу иужь дыдэу ба къыхуищIыж нэхъей. Гъатхэр къэсыху иджы мы щIыпIэхэр илъагъунутэкъым абы. ПщIащэ зэмыфэгъу-

хэм – гъуэжьхэм, плъыжьхэм, дыщафэхэм – щIыр яуфэбгъуат. Мэзми даущ гухэщIхэр къыщIэIукIт, и гъыбзэр езым зыхужиIэж хуэдэ. ПщIащэ дэтхэнэми жиIэрт:

– ФIыкIэ, фIыкIэ, Мартин цIыкIу! Дэ афIэкIэ зэи дызэрылъагъужынукъым!

Абдежым Мартин цIыкIу къыщиудри гъащ. Абы и IэплIэр къызэIуихащ, нэм къыIуидзэ дунейм зэрыщыту зришэкIыну хьэзыр хуэдэ.

– ФIыкIэ, – жиIащ абы, нэпсым къыкIуэцIрыпсэлъыкIыу.

Мартин цIыкIу бгым къехыжри хъушэмкIэ игъэзащ. Куэдрэ зэплъэкIыжащ ар, хъушэр къуажэм къыщихужым.

Ахэр къэкIуэжащ унэм. Къуажэтетым и фызым щIакхъуэ бзыгъэшхуэ зырыз къаритат, ауэ Мартин цIыкIу и Iыхьэм еIусакъым. Ар Яшко елъэIуащ, гъащIэ мыкIуэдыжын теухуауэ Инджылым итхэм къыхуеджэну.

Инджылым къеджа нэужь, Тхьэм елъэIухэри, щIалэ цIыкIуитIыр гъуэлъыжащ. Мартин цIыкIу Iурихащ зэуэ. Дунейр хуабжьу щIыIэт. А жэщым, дауи, щIыпIэм исынут удз закъуэтIакъуэ къэнэжахэри. Мазэм и нурыр жейуэ щылъ щIалэ цIыкIуитIым къатридзэрт. НэкIум къытещ нэпс пщIащэхэм ещхъу, мазэм и хъуреягъым вагъуэхэр щылыдт.

Абы хэту Мартин цIыкIу къэушащ. Ар хуабжьу пIыщIэрт. Зы шхыIэн щIагъым щIэлъу цIыкIухэр зэбгъурылът. Здэжейм, Яшко къыхэпсчыкIащ.

„ТхьэмыщкIэ цIыкIу, ар мэпIыщIэ, – егупсысащ Мартин. – ШхыIэныр мащIэщ, дейтIури дыхуэгъэ-

хуэбэнукъым. ШхыIэныр Яшко и закъуэ трелъ, сэ зыгуэрурэ сыхъунщ“.

Мартин цIыкIу щIиуфащ и ныбжьэгъур. Езым хъыбий хъуа и гуэбэнэчыр зытриубгъуэри, зэфIэунтIыIуауэ гъуэлъащ. ЩIыIэм апхуэдизкIэ зэщIиубыдати, абы и дзэхэр зэтеуэу щIидзащ. И Iэхэри, и лъакъуэхэри, и тхыцIэри, кIузаракъэ, и Iэпкълъэпкъыр зэрыщыту щIыIэм иIыгът. Сыт ищIэнур? Зы мащIэ нэхъ мыхъуми дауэ зигъэхуэба хъуну?

– ГущIэгъу къысхуэщI, ди Зиусхьэн Ауш, – лъэIуащ Мартин цIыкIу, – сэ си Iуэхур хуабжьу хэплъэгъуэщ.

Ар жиIэн иухатэкъым, Мартин цIыкIу и Iэпкълъэпкъым зэрыщыту хуабэ гуапэр къыщыщIыхьам. Хуэм-хуэмурэ ар плъыржьэр къэхъури, занщIэу Iурихащ.

Жэщым сыхьэт пщыкIуэзэрат ар апхуэдэу щыхъуар. Кхъэ мащэтI лIыжьым и къуажэ плъырыгъуэти, зэманыр зэрыхъуар къащIэн щхьэкIэ, и сринэм епщэщ-епщэри, ари тIэкIу щхьэукъуэну унэм кIуэжащ. ЩIалэ цIыкIухэм я унэм щыблэкIым, зэрихабзэу, абы мурад ищIащ щIыхьэу я Iуэху зытет зригъэщIэну. Зэтэкъым-тIэутэкъым ар абыхэм я деж мыпхуэдэу хэкIэсауэ щыщIыхьар. Апхуэдэхэм деж, ар хъуэпсэнэгуу еплът зэбгъурылърэ зэшэкIыжауэ, гуфIэр я нэгум иту жей IэфIым хэт цIыкIуитIым.

Ауэ мы зэм кхъэ мащэтI лIыжьым къилъэгъуар телъыджэ дыдэт: мазэм и нур фагъуэм къигъэнэху щIалэ цIыкIуитIым язырт, Яшкэт, шхыIэн зытепIар, Мартин цIыкIу зэфIэунтIэIуарэ гуэбэнэч хъы-

бийжь тӀэкӀур теубгъуауэ адкӀэӀуэ къыщылът. Абы мафӀэр къыщхьэщихт, уафэм ис вагъуэхэм ещхьу и нэ пӀащитӀри къилыдыкӀырт.

– ЛӀо, умыжейуэ ара, Мартин? – еупщӀащ абы кхъэ мащэтӀ лӀыжьыр. – Мыпхуэдэу фыщӀэгъуэлъари сыт нобэ: мобы шхыӀэныр зэрыщыту телъщ, уэ птепӀаӀакъым?

ЩӀалэ цӀыкӀур къыпыгуфӀыкӀа мыхъумэ, зыри жиӀакъым. Кхъэ мащэтӀ лӀыжьым и нэгум куэдрэ щӀэтащ, а дакъикъэм Мартин цӀыкӀу и нэгур гъэщӀэгъуэныщэу зэрыщытар. Абы гуэбэнэчыр къызытрихри ари щӀэлэ цӀыкӀум трипӀащ.

– Сыт къыпщыщӀар, Мартин, щхьэ жэуап къызумытрэ? ЛӀо, сыкъыумыцӀыхужу ара?

– Куэд дэмыкӀыу Ар къэкӀуэнущ, – сэ сыпопъэ Абы, – Ӏуэщхъуурэ жиӀэрт Мартин цӀыкӀу, – Ар сэр щхьэкӀэ къокӀуэ. Сэри псым сыщесурэ Абы сыхуокӀуэ, икӀи сышынэркъым сэ иджыпсту.

– Мартин, мыдэ къызэплъыт! Сыт мы жыпӀэхэр, зиунагъуэрэ?

Кхъэ мащэтӀ лӀыжьым и нэпсыр къызэпижыхьащ. Ауэ Мартин цӀыкӀу зыри ищӀэжтэкъым.

Кхъэ мащэтӀ лӀыжьым псынщӀэу и фызыр къиишэри сымаджэр я деж яхьащ. Жэщыр хэкӀуэта щхьэкӀэ къамыгъанэу, нэгъуэщӀ цӀыхубз гуэрхэри къызэхуэжэсат. Я унэхэм щыблэкӀкӀэ, щхьэгъубжэм теуӀуэурэ кхъэ мащэтӀ лӀыжьым ахэр зэщӀигъэуӀуэрт, Мартин цӀыкӀу зыгуэр къыщыщӀащ, псынщӀэӀуэу фыкӀуэ, жиӀэурэ.

ЩӀалэ цӀыкӀум зыри къыхуэцӀыхужтэкъым, мэзым зэрыщыгъам ещхьу, пыхьэу гъуэлъыпӀэм бгъэ-

дэтт Яшки. Ар залмыгъэкIэ гъуэлъыпIэм къыбгъэдалъэфыжащ, цIыхухэр хуиту Мартин цIыкIу бгъэдыхьэн щхьэкIэ.

УзэреIэзэ хъун къамыгъанэу, цIыхубзхэр зэралъэкIкIэ Мартин цIыкIу еIэзащ.

– НэхъыфI мыхъумэ, дохутырым дыкъеджэнщ – жиIащ щхъэлтетым и фызым.

– Тхьэразы къыфхухъу, псори сыфхуэзарэзыщ! – жиIащ Мартин цIыкIу макъ лъахъшэ кIэзызкIэ. – Апхуэдэу къызэфщIэн хуеякъым: сэ Тхьэншэу дунейм сыщыпсэуащ, фэри Абы теухуауэ зыри къызжефIакъым... Сытым хуэдиз сабий иджыри сэ сэщхьу, Тхьэншэу, мы дунейм щыпсэурэ? Ахэр зыми иригъаджэркъым. Фэр дыдэхэр фопсэу езыхэр Тхьэншэу... фызэрыпсэупхъэм хуэмыдэу, – къыпищащ абы нэщхъейуэ. – Сэ сылIа нэужь, икIыпщIэу ахъшэ къысхуэвмыгъэтIылъ... Христос пщIэншэу сызэпришынущ сэ... ИкIи зы щхьэкIэ фымышынэ, сэ фэ хьэдэджадэу сыкъыфхуэкIуэнукъым... Зэи къэзгъэзэжынукъым сэ... къэзгъэзэжыну сыхуейми, къысхуэгъэзэжынукъым... егъэлеяуэ жыжьэщ а сыздэкIуэнур.

Я тхьэкIумэр тегъэхуарэ мыбэуэжу цIыхубзхэр Мартин цIыкIу жиIэм щIэдэIут. Абыхэм ягъэщIагъуэрт, Мартин цIыкIу зэгъэкIуарэ дахэу, кIузаракъэ, Инджылым зэрыт дыдэм ещхьу зэрыпсалъэр.

– Умышынэ уэ, Мартин цIыкIу, улIэнкъым, – жиIащ кхъэ мащэтI лIыжьым, сымаджэм и гур фIы хуищIыну хэту. – ЩIэх дыдэу ухъужынщи, Тхьэм жиIарамэ, ди хъушэр бгъэхъуу ухыхьэжынкъэ.

– Джанэ щIэрыпси пхуэддынщ. – Яшки тхуэ-

пэнщ икIи дгъэшхэнщ, дэIэпыкъуэгъу къыпхуэхъун хуэдэу.

– ЩIымахуэр си деж щифх хъунущ, – жиIащ щхьэлтетым и фызым, – гъатхэм фи унэр фхузэдгъэпэщыжынщ е унэщIэ фхуэтщIынщ.

– Сэ си унэр схуагъэхьэзыракIэщ... Тхьэразы къыфхухъу фыкъызэрысхуэгуапэм щхьэкIэ... кхъыIэ, моуэ нэхъ лъагэу сыкъэфIэтыт.

ЦIыхубзхэм щIалэ цIыкIур къытраIэтыкIри, и пIэщхьагъыр нэхъ лъагэ хуащIащ.

– Иджыпсту Iурихынущ ар, – жиIащ кхъэ мащэтI лIыжьым и фызым.

Мартин цIыкIу ерагъкIэ и нэхэр къызэтрихащ. И нэпсыр къыщIэжу Яшко зытриубгъуащ абы.

– Къэгъанэ, умыгъ, – жиIэурэ игъэудэIужу щIидзащ Мартин цIыкIу и ныбжьэгъур, Iэ пщтырыр и щхьэфэм дилъэурэ (адрей Iэм къебзейуэ Бундаши къыбгъэдэст абы).

– КъедаIуэ мы сэ бжесIэнум: „Тхьэм дунейм и цIыхухэр апхуэдизкIэ фIыуэ илъэгъуати, Езым и Къуэ закъуэр итащ, Тхьэм и КъуэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ дэтхэнэ зыри мыкIуэду къелын икIи мыкIуэдыжын гъащIэ иIэ хъун щхьэкIэ“ (Иуан 3:16). Уэри уиIэнущ мыкIуэдыжын гъащIэр, Яшко!...

Щхьэщытхэр пщIэншэу пэплъащ Мартин цIыкIу иджыри зыгуэрхэр жиIэн я гугъэу. Нэхъ кУууэ бауэ хъури, ар зэуэ Iурихащ.

– ФынакIуэ, – жиIащ кхъэ мащэтI лIыжьым. – Ар зэрыжеяуэ хъарзынэщ. НэхъыфI хъунущ.

Нэхулъэ къызэкIэщIитхъыу щIидзащ. Кхъэ ма-

щэтI лIыжьым и фызым зигъэщхъри едэIуащ щIалэ цIыкIум.

– Мыр бэуэжкъым, – жриIащ абы, щхьэлтетым и фызым зыхуигъазэри.

Арат, пэжу къыщIэкIат джэрпэджэжым жиIар: Христос пщэдджыжьу Мартин цIыкIу деж къэкIуащ. Дыгъэм ауэ сытми IэплIэ къыхуищIыжатэкъым абы. Абы зэи илъагъужынукъым а щIалэ цIыкIур!

Илъэс пщыкIутху япэкIэ, Мартин цIыкIу и анэр щыщIалъхьэм, мыдэ зы цIыхубз къулей дыдэ гуэр лIауэ фIэкIа пщIэнтэкъым, апхуэдизкIэ цIыху куэд бэным и ужь иту кIуэрти. Ауэ, сыт хуэдиз и куэдагъыу щымытами, Мартин цIыкIу и бэным кIэлъыкIуэхэм нэхърэ ахэр нэхъ мащIэт. Рашово дэсхэм къахуэщIэжыртэкъым апхуэдэ хьэдэщIэлъхьэ. Хъыджэбз псоми екIуу зыкъахуапэри, удз гъэгъахэмкIэ загъэщIэрэщIат. ЩIалэхэм бэныр яхьт. ЕгъэджакIуэми сабийхэр къишауэ бэным и ужьым итхэт. Мартин цIыкIу хуэдэу еджапIэм пщIэ хуэзыщIэ къэгъуэтыгъуейт. Ауэ щыхъукIэ абыи еджапIэм пщIэ хэзыщIа къэгъуэтыгъуейт. Ауэ щыхъукIэ абыи хуэщIыжын хуейт дунеягъэкIэ къилэжьа пщIэр. Яшко кхъэм нэсыхукIэ кIэлъыкIуащ и ныбжьэгъум. И кхъащхьэм удз уэрдыхъу дахэшхуэ тралъхьащ. ЛентIхэр зэшэкIа адрей удз уэрдыхъур жорым фIадзащ. Мартин цIыкIу и хьэдэр анэм и бгъум деж щыщIалъхьащ. Кхъэ мащэтI лIыжьым ятIэр бэным щытритхъуэм зэрыгъам хуэдэ игъащIэм гъауэ къыхуэщIэжтэкъым.

– Аращ, Мартин цIыкIу. Гущэ хуабэ Тхьэм пху-

ищI мы щIыгур, – жиIащ абы, нэпсым къыхэпсэлъыкIыурэ.

Аргуэру гъатхэр къэсынущ. Къэсынурэ, губгъуэхэри мэзхэри щхъуантIагъэм зэщIищтэнущ. ИкIи пэплъэнущ псори Мартин цIыкIу и хъушэр япэ иту къэкIуэным. Ауэ къэкIуэнукъым. АфIэкIа зэи къэкIуэнукъым. Ар кIуэжащ мы дунейм щытетым апхуэдизу зыщIэгупсысу щыта лъахэ жыжьэм. Абы Тхьэр къигъуэтыжащ. Тхьэми къигъуэтыжакIэщ ар езыр.